ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№38 (23.852) ● 2019 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ махуэшхуэм пыщІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІыныкІэ республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитет зэхэшэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур 2022 гъэм зэрагъэлъэпІэнум зыхуэгъэхьэзырыным икІи Урысей Федерацэм и Президентым «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным и Іуэхукіэ» къыдигъэкІа Указым щыуз быхуэхуэм ящкІ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ махуэшхуэм пыщІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІыныкІэ республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитет зэхэшэн, мы Указым щІыгъу гуэдзэным къыщыгъэлъэгъуэхэр хэту.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 29-м
№23-УГ

(Къызэгъэпэщакіуэ комитетым хэтхэр 2-нэ нап. итщ).

Егоровэ Г. Ф. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и субъектхэм я жылагъуэ палатэхэр къызэгъэпэщынымрэ абыхэм я лэжьыгъэр зэтегъэувэнымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукіэ» Федеральнэ законым и 8-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 9-нэ статьям ящкІ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэгъэхьэн «Деловая Россия» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къигъэльэгъуа Егоровэ Г. Ф.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 29-м
№24-УГ

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

ЗыплъыхьакІуэхэм къыхах

Накъыгъэм (майм) и пэщІэздзэ махуэ пщыкІутІым ящыщу бгъуэ зыгъэпсэхугъуэу Урысей Федерацэм щыщытынущ. А Іэмал гъэзэджэр нэсу къызэрагъэсэбэпынум щэч хэлъкъым зыплъыхьакІуэхэм.

ХьЭЩІЭЩХЭМ зэрыщІэсынумкІэ пасэу зыщагъэтх Tvil.ru сайтыр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, бгы-лыжэ спортым дихьэххэм накъыгъэм и пэщІэздзэм зыщагъэпсэхуну нэхъ къыхахыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іуащхьэмахуэ лъапэщ. Абы къыкІэлъэкІуэ Сочэ и Къуэбыдзэ аузымрэ (Красная Поляна) Мурманск областым хыхьэ Хибины щыпІэмрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 4, *махуэку*

♦Интернетым и дунейпсо махуэщ

♦Лагъымым къыпкърыкІ щынагъуэмрэ щІым а Іэщэ лІэужьыгъуэр къыхэхьыжьынымрэ ятеухуа щІэныгъэ цІыхухэм етыным и дунейпсо махуэщ

♦1719 гъэм Урысейм Ладогэ кІэнауэр, Волхов, Нева псыхэр зэпызыщІэр, ухэн щыщІадзащ.

♦1785 гъэм инджылыз инженер Картрайт Эдмунд щэкІ зэрызэІуащэ, лъакъуэкІэ бгъэлажьэ хъу станокыр къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъыр иратащ.

♦1850 гъэм Лос-Анджелес (США) къалэ хъуащ.

♦1866 гъэм революционер Каракозов Дмитрий Урысейм и пащтыхь Александр ЕтІуанэр иукІыну хэтащ.

♦1932 гъэм США-м щыщ биохимик Кинг Чарльз Пен С витаминыр къихутащ.

♦1933 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакІуэхэм я оргбюро къызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Дзэ Плъыжьым Венгриер хуит къащІащ.

♦1945 гъэм советыдзэхэм Братиславэ (иджыпсту ар Словакием и щыхьэрщ) къалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1947 гъэм Граждан авиацэм и дунейпсо зэгухьэныгъэм лэжьэн щІидзащ.

♦1949 гъэм Вашингтон къыщызэрагъэпэщащ НАТО зэгухьэныгъэр. Абы хыхьат США-р, Бельгиер, Великобританиер, Голландиер, Даниер, Исландиер, Италиер, Канадэр, Люксембургыр, Норвегиер, Португалиер, Франджыр.

♦1973 гъэм Нью-Йорк и Манхэттэн щІыпІэм къыщызэІуахащ Дунейпсо сату центрыр. Абы хыхьэ зэнэкъокъу щІэныгъэхэм я нэхъ инитІыр, дэтхэнэри къати 110-рэ хъур, 2001 гъэм фокІадэм и 11-м къагъэуауэ щытащ.

♦Инджылыз тхакІуэ цІэрыІуэ **Рид Майн** къызэрагъэхъурэ илъэс 201-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Быстрицкая Элинэ** и ныбжьыр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, сценарийкэр зытхыну щыта, РСФСР-м и цІыхубэ артист, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зрата **Тарковский Андрей** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Совет усакІуэ-уэрэдыс цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Резник Илья** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Адыгэхэм я къекІуэкІыкІам теухуа лэжьыгъэ куэд зи Іэдакъэ къыщІэкІа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кокиев Георгий Сергей** къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.

♦УсакІуэ, Адыгэ Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Емыжь МулиІэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м цІыхухэр егъэдэжьныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр, философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын и Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къумыкъу Іэуес** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Актёр, телеведущэ езыгъэкІуэкІ **Нагиев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Бэнэкіэ хуитымкІэ дунейпсо чемпион **Нартокуэ Аслъан** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 5, *мэрем*

♦Къалмыкъ Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦Корее Ипщэм щагъэлъапІэ жыгхэр хэсэным и махуэр

♦Къызэхъстаным Іэпхъуэщапхъуэ Іуэхухэр зи нэІэ щІэт и полицэм и махуэщ

♦1241 гъэм Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и деж нэмыцэдзэр щызэтрикъутащ.

♦1905 гъэм Курп Ищхъэрэ къуэжьэм и мэкъумэшыщІэхэм зыкъыІэтащ.

♦1941 гъэм фашист Германиемрэ Италиемрэ я дзэхэр зэнэжьыжьгъуным, зыр адерейм темыуным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1942 гъэм Гитлер Адольф унафэ ищІащ и дзэхэм я къару нэхъыщхьэхэр Кавказым и щыдагъэр зыІэрагъэхьыным хуэзащІэуІуэу абыкІэ къаунэтІыну.

♦1943 гъэм Нальчик дагъэ щыщІахуу дэт завод №91-р зэфІагъэувэжащ.

♦1955 гъэм Инджылызым и премьер-министр къулыкъум текІащ Черчилль Уинстон. Ар илъэс 50-м щІигъуакІэ политикэм хэтат.

♦1977 гъэм СССР-м къыщІэгъэкІын щыщІадзащ ВАЗ-2121 автомобилыр - «Нива» - зыфІащар.

♦1980 гъэм СССР-мрэ Афганистанымрэ я унафэщІхэм Іэ традзащ советыдзэм щыщ гупхэм я къулыкъыр Афганистаным щрахьэкІым теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1992 гъэм Босниемрэ Герцеговинэмрэ унафэ ящащ Югославием къызэрыкІым теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1993 гъэм УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ «Лукойл» щыІадагъэ компаниер.

♦Австриием щыщ дирижёр цІэрыІуэ **Герберт фон Караян** къызэралъхурэ илъэси 111-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, УФ-м щІыпІэм зиІэ и артисткэ **Кустинская Наталье** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦БэзэщІэныгъэлІ, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академикэ **ПІаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Къалмыкъ Республикэм и унафэщІу щыта, Дунейпсо шахмат федерацэм и президенту лэжьа **Илюмжинов Кирсан** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Урысей спортсменкэ, дуней пСом боксымкІэ и чемпионкэ **Рогозина Наталье** илъэс 43-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист цІэрыІуэ, дунейми Олимп Джэгуэлыр я чемпион **Волков Алексей** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 13 - 15, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Іэжьэгъу удыныхьщ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ лэжьыгъэ Іуэхукіэ Страсбург щыІэщ

Мы махуэхэм Страсбург (Франджы) щокІуэкІ Европэм и Советым и щыпІэ, щыналъэ властхэм я конгрессым и 36-нэ зэІущІэр. Урысей Федерацэм и ЛыкІуэхэм яхэтщ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ. Мэлыжьыхьым и 2-м ирагъэкІуэкІа пхъэидзэмкІэ Егоровэр хагъэхьащ управленэмкІэ комитетым и унафэщІым и кІуэдзэр хэзыхыну Къэзыбж комиссэм.

ИДЖЫРЕЙ зэхуэсыгъуэм зытрахуар «Къалэ унафэщІхэр демократие уху-кІэм и телъхьэу» Іуэхурщ. Абы щытепсэлъыхьынущ щыналъэ политикэм, щыналъэхэмрэ муниципалитетхэмрэ я ахъшэр зэрахурикъум, къэрал зэхущытыкІэхэм епха Іуэхухэм. Конгрессым къыщІэнущ Европэм и Советым хэт къэрал зыбжанэм - Польшэм, Молдавиеи, Словениеи, Босниемрэ Герцеговинэмрэ - демократиеи я хабзэхэр зэрыщІэзэтегъэувам теухуа дэфтэрхэр. КъыщынэмыщІауэ, Конгрессым и комитети 3-мрэ политикэ гупхэм хэтхэмрэ я зэІуІэхэр екІуэкІынущ. Абыхэм щыхэпльэнущ Конгрессым Европэм и Советым щигъэзащІэ мыхьэнэмэ. Къэрал 47-м къикІа политик ныбжьыщІэхэр зэІуІэхэм хэтынущ, я Іуэху еплъыкІэ къаугъэльэгъуэну хуит.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, Европэм и Советым и щыпІэ, щыналъэ властхэм я конгрессыр Европэм и Советым и щыналъэ властхэм я къэралхэм демократиеи я хабзэхэр, щыпІэ самоуправленэм теухуауэ Европэм 1985 гъэм иубыдауэ щыта хабзэр зэрагъэзащІэм, псом хуэмыдзу цІыхум и хуитыныгъэхэм ехьэлІауэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Азычэ Азэмэт Хьэднан и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ статьям и 1-нэ Іыхьэм и пункт 1-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Азычэ Азэмэт Хьэднан и къуэм, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къыбгъэдэкІыу республикэм и хэхынІэ округ зэгуэным щыхахам, и полномочиехэр я пІалъэр къэмысу, 2019 гъэм гъатхэпэм и 22-м щегъэжьауэ, иухауэ къэлъытэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№1049-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ, 22-нэ статьяхэм ящкІэ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Къуэдзокъуэ Юрий Пётр и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щІы Іуэхухэмкіэ и комитетымрэ хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№1050-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2018 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчётым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2018 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчётым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыпщытэ-къэзыбж и палатэм 2018 гъэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа отчётым хэплъэгъуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№1063-П-П

● КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ ирокъу

КЪЭЖЭР Хъусен: Щ Ыналъэм и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт хъуным гулъытэ хэха худощІ



Къэжэр Хъусен Хьэмид и къуэр «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм къыбгъэдэкІыу КЪБР-м и Парламентым и депутатщ, Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІщ.

Къэжэрыр Тэрч районым хыхьэ Борыкъуей къуажэм къыщалъхуащ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутырщ.

1989 гъэм къыщыщІэдзауэ ар Тэрч район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм поликлиникэ лэжьыгъэмкІэ и къудзэу щытащ, 1996 гъэм ягъэуващ Тэрч районым и сымаджэщ. нэхъыщхьэм и дохутыр нэхъыщхьэу. 2012 гъэм къыщыщІэдзауэ Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэщ, 2015 - 2016 гъэхэм КЪБР-м ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щыналъэ фондым и унафэщІым и къудзэщ.

Къэжэр Хъусен КЪБР-м и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэм (2003 - 2009 гъэхэм) и депутату щытащ, мы зэманми етхуанэ хэхыгъуэм хэтщ.

- Хъусен, КЪБР-м и Парламентыр илъэс 25-рэ ирикъуащ. А пІалъэм къыриубыдзу абы сыт хуэдэ зыужьыныгъэ игъуэтауэ къэплъытэрэ?

- 1993 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэхэр къыдэзыгъэкІи орган нэхъыщхьэм - КЪБР-м и Парламентым - и япэ хэхыныгъэхэр екІуэкІащ. А илъэсхэм жылагъуэ-политикэ, экономикэ Іуэхуэхэр гугъуу щытами, къэралым къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэщІэхэм - Хабзэр и тегъэщІапІэу жылагъуэр ухуэным - Къэбэрдей-Балъкъэрри зэрыдекІуным хуэхьэзырт.

КЪБР-м и Парламентым и япэ, етІуанэ хэхыгъуэхэр палатитІу гуэшауэ щытащ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр щІыналъэм и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт щІынырт, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я епльыкІэр абдеж нэхъ ныІуэу къыщагъэлъэгъуэну Іэмал яІэн хуэдэу. Къапщтэмэ, япэ, етІуанэ хэхыгъуэхэм хэта депутатхэм икъукІэ гульытэшхуэ хуащІащ республикэм и закон нэхъыщхьэхэр гъэбелджылыным.

Зы палатэ хъу ещанэ хэхыгъуэр (2003-2009 гъэ.) нубзыхуащ 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м. Хэхыныгъэхэм пхыкІа партхэр 3 хъурт. Къэбгъэлъагъуэмэ, КЪБР-м и Парламентым и ещанэ хэхыгъуэр депутати 110-рэ хъууэ щытащ, 22-р - зэпымыуэ лажьэу.

Адэкіэ 2009 гъэм къыщыщІэдзауэ 2014 гъэ пщІондэ щыщІащ КЪБР-м и Парламентым и еплІанэ хэхыгъуэр.

Мы зэманым КЪБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэр мэлажьэри, абы хэтщ «Урысей зэкъуэт», «КПРФ», «Заухуагъэ здэщыІэ Урысей», «ЛДПР» политикэ партхэр, «ЩхъуантІэхэр» гупри къахэхъуащ.

Си гугъэмкІэ, иужьрей хэхыгъуэщым депутатхэр нэхъыбэу дызыхущІэкъуар республикэм къару щызиІэ законэм я ІфІагъым хэгъэхъуэныкъо ахэр федеральнэ законодательствэм къыщыхъэщымыкІыныкъо.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Нефрологхэм я зэхыхьэ

● Узыншагъэ

Жьэжьейм и дунейпсо махуэм теухуауэ ДиализымкІэ центрым «Здоровье почки: везде и каждому» фІэщыгъэр зиІэ щІэныгъэ-практикэ конференц щекІуэкІащ. Абы хэтащ узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и Іуэхущ Іапі эхэм щы Іэ терапевтхэр, нефрологхэр, урологхэр.

КОНФЕРЕНЦЫР къызэІуихащ Б. Браун диализ клиникэхэм я медицинэ унафэщІ, Евдокимов А. И. и цІэр зезыхьэ МГМСУ-м нефрологиемкІэ и кафедрэм и доцент Шило Валерий. Зэхьхьэм хэтхэм фІэхъуэ псальэкІэ зыхуаГъэзащІ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Альтуд Юрийрэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм балигъхэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр къэзыгъэпэщныкІэ и къудамэм и унафэщІ Мамхэгъ Иннэрэ.

- Республикэм гемодиализ дэІэпыкъуныгъэр щалэрохьэ цІыху 300-м щІигъум. Гемодиализым хуэзышэну зэуфэр яІэщ сымаджэ 600-м. Абы къыхэкІыу поликлиникэхэмрэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр щыхуащІэ Іуэхущ Іапі эхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр зи жьэжьейр уз сымаджэхэм зыхуэныкъуэ Іуэхутхьэбзэхэр яГуэтыныкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ.

Іэщ Іагъэлі эхэр Іэмал имыІэу лэжьыгъэ и пІалъэкІэ зэхъуажэу щытын хуейщ, - къыхигъэщащ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и лыкІуэм.

«Диализ Нальчик» ООО-м и унафэщІ Акчурин Максим жиІащ центрым и Іуэхущ Іафэр республикэм нефрологие дэІэпыкъуныгъэм зыщагъэзэжьыным зэрыхуэунэтІар, мыпхуэдэ конференцэхэр зи жьэжьейр уз сымаджэхэм еІэзэ Іэщ Іагъэлі эхэм я щІэныгъэм, Іэзагъэм хэгъэхуэным хуэгъэпсауэ зэрыщытыр.

Жьэжьейм епха узыфэхэм ятеухуауэ зІуІэм къыщыпсэльащ Шило Валерий, КъБКъУ-м и медицинэ къудамэм пропедевтикэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Елгъар Лилие, Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №91-м и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ Кьардэнгъуэ Аксанэ, а сымаджэщым сабий нефрологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Мамбэт Анетэ сымэ.

ХьэрычэтыщІэ, псапащІэ Кабардиков Юсуф Диализымкіэ центрым сымаджэхэр зэрырашэлІэну автомобиль тыгъэ яхуищІащ. «Нефролига» Іуэхущ Іапі эм и тхьэмадэ Мэкъуауэ Леус жиІащ зи жьэжьейр уз сымаджэхэм я щытыкІэр нэхъ тынш я щащыІэщІ, республикэм къыщыІэзэ диализымкІэ центрхэм я лэжьыгъэмкІэ зэрыарэзыр, щІыналъэм имыкІыу фІагъ лъагэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ абыхэм зэрыщагъэуэтыр.

КЪБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыунэхунущ «бжыгъэр зи лъабжьэ» телеаллее

ЩІэм тету нэтынхэр къэгъэлъэгъуэным щІадзэн и пэ къыхуэу Налшык щыІэ Республикэ телецентрым и пщІантІэм щыхасэнущ «бжыгъэр зи лъабжьэ» аллее.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 6-м екІуэкІыну Іуэхугъуэм хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іыгъэщ Іакіуэ властым, «Российскае телевизионная и радиовещательная сеть» ФГУП-м, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лыкІуэхэр, щыпІэм и щыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм щылажьэхэр, волонтёрхэр.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, иджыри къэс зытета телевиденэм и къэгъэльэгъуэкІэм зытекІынурэ бжыгъэр зи лъабжьэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуэкІуэнущ мэлыжьыхьым и 15-м щыщІэдзауэ. А пІалъэ дыдэм лажьэкІащІэм щытехьэнущ Мэкъуу къалэм, Амур, Ивановэ, Кемеровэ, Киров, Костромэ, Курган, Липецк, Мэкъуу, Новгород, Сахалин, Тюмень областхэм, Къэрэшей-Шэрджэс, Къалмыкъ, Мордовие, Удмурт, Чуваш республикэхэм, Ставрополь крайм, Ямало-Ненец автоном округым.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм я Іэ тедзэгъуэр ихуащ, ауэ щІхьэусыгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІыу абы фыкъыкІэрыхуамэ, ар вгъэзэкІуэжьыфынущ. Апхуэдэу, «Адыгэ псалъэ» газетыр дызыхуэкІуэ нахьыгъэм къыщыщІэдзауэ ныфхуахьынущ, мы мазэм и 25 пщІондэ абы пощтхэм Іэ щыщІэдзэмэ.

МазитІым ди газетым и уасэр сом 204-рэ кІэнлейкІэ 26-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм гъатхэпэм и 29-м кьыдигъэкІа Указ №223-УГ-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымрэ махуэшхуэм пыщІа гуфІэгъуэ дауэдапщэхэр егъэкІуэкІынымкІэ республикэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым

ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъкІэ зыгъэзащІэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къудэзэщ, зэгурыІуаэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къудэзэщ)*

Амщокъуэ Ф. Къ. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацхэм я зэгугъэхьыгъэ» союзым и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжьынымкІэ и министрыр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Беппаев С. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и дежи Граждан жылагъуэ Іэхуэщ Іанім эгъгъужьынымрэ цІыхум и хуитыныгъэхэмкІэ щыІэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр *(зэгурыІуаэ)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуаэ)*

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къудэзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьынигъэмкІэ и министрыр

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къудэзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш Іэнатіэмкіэ и министрыр

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Дзэмыхь Къ. ФІ. - «Урысейм ЩІэныгъэхэмкІэ академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центр» федеральнэ къэрал бюджет щІэныгъэ Іэхуэщ Іанім и къудамэм - Гуманитар кьхэутэныгъэхэмкІэ институтым и унафэщІыр *(зэгурыІуаэ)*

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Залихановы Къ. Хь-У. - Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Зумакулов Б. М. - ЦІыхухэм я хуитынгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуаэ)*

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къудэзэр

КІэрэф М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и яп э къудэзэр

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретариат)*

Къумыкъуэ І. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхуэхэмкіэ и министрыр

Къуныжь В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

КІурашин А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Іэхуэщ Іапім ядэлэжьэныгъэ лъэпкъым я Іэхуэхэмкіэ и министрыр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Мовсисян Г. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къудэзэр

Муртазов Б. С. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Нэхущ З. А. - Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм хэтыр *(зэгурыІуаэ)*

Опрышко О. Л. - Урысей Федерацэм и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтыр *(зэгурыІуаэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министрыр

Ромашкин И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іэхуэхэмкіэ министру щыІэр *(зэгурыІуаэ)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуаэ)*

Тараев И. В. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Текіушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Ткачёв Е. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуаэ)*

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыр

Хъубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и министрыр

● Профсоюзхэр

ЩІыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр япэ ирагъэщ

Республикэм и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и советым и етхуанэ зэІущІэ кІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» союзым 2018 гъэм я лэжьыгъэм къыриІуахэм, къыпэщыт кьалэнныщІэхэм. «Урысейм и профсоюз щхьэхуитхэм я зэгухьэныгъэ» урысейпсо союзым и Х съездым кІуэнухэр щыхахащ, Урысей ФНПР-м и унафэщІу Шмаков Михаил кьэнэныр даІыгъыну зэгурыІуащ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къудзэ **Жанатаев Сэлим**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, республикэм лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэІэпыкъуэгъэмкІэ и министрым и къудзэ **Романовэ Еленэ** сымэ.

Республикэ профсоюзхэм 2018 гъэм зэфІагъэкІахэм, я мурадхэмрэ гулъытэ хэха зыхуэщІыпхъэхэмрэ ятеухуауэ къэпсэльащ КъБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Амщокъуэ Фатімэт**.

Профсоюз унафэщІым жиІащ Урысей Федерацэм ильэсихым ящрыбыдэу къызэрыпэщылъыр улахуэр хэгъэхъуэныр, пенсэр инфляцэм щхьэдэхыу щытыныр, ди къэралым кьулейсызыгъэр хуэдитІкІэ щыгъэмэщІэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хьихащ 2024 гъэ пщІондэ щыхуэхэм я псэукІэр щегъэфІэкІуэн хуей щІыналъэхэм. КъыхигъащІащ щыхуу лажьэр кьулейсызын зэрыхуэмейр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я процент 24,8-р зэрыапхуэдэр, Урысейм а бжыгъэр процент 13,2-рэ зэрыщыхъум тепщІыхьмэ, ди республикэм кьулейсызыгъэр хуэдитІкІэ щынэхъыбэщ.

- ЛэжьапщІэр щылъахъшэщ бюджет Іэхуэщ Іапім эхэмкІэ экономикэм и нэгъуэщІ Іэнатіэхэмкі. КИФПЩІ-м щыІэ Къэрал статистикэмкІэ федеральнэ кьулыкъум и управленэм къызэритымкІэ, КъБР-м и предприятэхэмрэ Іэхуэщ Іапім эхэмрэ я лэжьакІуэхэм я улахуэр сом 25186,1-рэ мэхъу, ар ику иту къапщтэмэ, урысей лэжьапщІэм и ныкъуэщ. Лъахъшэу кьонэж уэзышагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм я лэжьакІуэхэм кьахь лэжьапщІэр (сом мин 20-22-рэ), - кьыхихгъэщащ Амщокъуэ ФатІимэт.

Бюджет Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм нэмыщІ, «лажьэу кьулейсызхэм» яхохьэ ику иту сом 13 403-рэ кьэзыхь мэкъумэшыщІэхэр, промышленностым и лэжьакІуэхэу сом 14 482-рэ зратхэр.

Республикэм и профсоюзхэм кьыдэщІауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэуэхэм ящыщ куэд. 2019 гъэм и щышыдлэм и 1-м тепщІыхьмэ, «КъБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» союзым хэтщ республикэ отраслевой комитет 15, профсоюз организацхэм я кьалэ, район зэзыгъэуІу совет 13, апхуэдэуи кьалэ, район комитетхэу 47-рэ, пэщІдзэ профсоюз организацэ 1755-рэ. Пэщідзэ профсоюзхэр кьыщызэрагъэпэщащ Іэхуэщ Іапім эхэм щолажь щ ЦІыху 113 774-рэ, абыхэм ящыщу 107 580-р профсоюзхэм хэтщ. Къыщынэмыщ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм, куэт Іэщ Іагъэ щызыгаГъэ'ыуэт еджапІэхэм щеджэ студент 20494-м ящыщу цІыху 18 999-рэ хэтщ профсоюзым. Псори зэхэту «КъБР-м и ООП» союзым и учётым щытщ цІыху 126 682-рэ.

ЩІалэгъуалэ политикэм и гугъу щищым, КъБР-м и профсоюзхэм я унафэщІым кьыхиутащ республикэм и профсоюзхэр кьыззыщІоращІэм – профсоюзым хэтхэм я процент 40-р ильэс 35 ныбжьым нэхъыбэ ятхъь щІалэщ. ЩІалэгъуалэр профсоюз зэщІэхъеенымгъэм кьыхашэн мурадкІэ, КъБР-м и ООП-м и союзым и президиумым унафэ кьыщтащ ильэс 14 ныбжьым щыщІэдзащэ профсоюзым хагъэхьэну.

«КъБР-м и профсоюз организацхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу икІи гулъытэ хэха хуеІуэ лэжьыгъэмкІэ щыІэ хабзэр хъумэным. 2018 гъэм абы теухуа кьэпщІытэныгъэ 919-рэ ирагъэкІуэкІащ. КьыщІагъэща ныкъуэсаныгъэ 184-р ягъэзэкІуэжын папщІэ, цІыхухэр лэжьыгъэкІэ кьыззэзыгъэпэщхэм хуагъэхьащ тхыгъэ 96-рэ. Абы и фІыгъэкІэ ныкъуэсаныгъэ 153-рэ ягъэзэкІуэжащ.

Адэкіэ Амщокъуэ ФатІимэт кьытеуВыІащ 2019 гъэм профсоюзхэм кьапэщыт кьалэнхэм. Кьызэрызыгъащащи, упсэун папщІэ нэхъ мащІэу узыхуеину яГъэувам хэпльэжыну игъэув ухуащ. «Профсоюз экспертхэм кьызэрабгъкымкІэ, упсэун щхьэкІэ мазэм узыхуеинур сом мин 40-м щІегъу», - кьыхигъащащ советым и унафэщІым.

Амщокъуэ ФатІимэт кьызэхуэсахэм ягу кьиГъэкІыжащ республикэм и профсоюз зэщІэхъеенымкІэ и ныбжьыр ипсищэ 2020 гъэм зэрырикъур. Советым хэтхэм яжриІащ а махуэшхуэр гъэлъэпІэным зыхуэгъэхьэзырынымкІэ зыужьынымкІэ, ар кьызэгъэпэщынымкІэ теухуа я жэрдэмхэр кьыхалъхьэну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.
Сурэтыр **Холлаевэ Марзият** *трихащ.*

● ІэщІагъэ

Дохутыр Іэзэ

Налшык дэт Республикэ клиникэ сымаджэщым иджыблагъэ щрагъэкІуэкІащ операцэ тельыджэ. Дохутыр щІалэ, нейрохирургвертебролог Муртазов Алим кьызэрІИгъэувэжащ сымаджэ хьэлъэ.

- ФІЫЩІІЭ яхуэсщІыну сыхуейщ сымаджэщым и лэжьакІуэхэм. Мыбы щылажьэ дохутырхэр Іэщабэ-Іущабэщ, гу зыкІуэцІыпІэ цІыху тельыджэхэщ. Псом хуэмыдэу зГъэщІэгъуэр операцэ сызыщІа дохутыр щІалэрщ. Мазаем и 21-м сымаджэщым сыщІэхуат си тхыр щыпІитІым джы щызэпыщІыкІауэ, къупщхьэхэр зэтекІауэ. Си гуГъат зэи си лъэр кьыщІэмыувэжыну, колязкэм сису сыкъэнэжащ. Операцэ сащІыну сыщыщІашэм, Муртазов Алим псалъэ кьызитащ сыкъигъувыжьыну. Абы и псалъэр игъэпэжащ - си Іэ-си лъэр кьызэрызэдэбзыр си фІыщІэр а щІалэщІращ. Си гуапэт Алим и Іэщ Іагъэм и хьэр илъагъуу ильэс куэдкІэ лэжьэну, - жеІэ Хуэдзокъуэ З.

Иужьрей зэманым республикэм и медицинэм зэхъуэкІыныГъэфІхэр кьыщокІуэкІ. Абыхэм ящыщ зыщ я ныбжькІэ щІалэу зэфІэкІ зиІэ дохутыр куэд диІэ зэрыхьуар. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Іэмэпсымэщ Іэхэм ирилажьэфу, щІэныгъэлІэхэм кьахута Іэмалхэм фІыуэ щыгъуазэу дохутыр щІалэ Іэзэхэр щалъхуа щІынальэм кьокІуэлІэж, я ещанэр зэфІэкІа нэужь. Къищынэмыщ Іауэ, зэпымычу я щІэныгъэм хагъахъуэ. Иужьрей зэманым ди дохутырхэм ирагъэкІуэкІ операцэ гугъуэхэр кьаззэрехъулІэр абы и щыхьэтщ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Налшык къалэм гъуэгуэхэм щолэжь.

КЪАЛАЩХЬЭМ и уэрам пхыдзахэм ящрохьэлІэ щІымахуэ уэгІпсытым и зэран зэкІа щІыпІэхэм. Къатщтэмэ, Чайковскэм, Шортэным, Нэхущым я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм яІэ кумбІімбхэм мы махуэ зэкІэтьыкІуэхэм елэжьащ гъэгуущІэр. Мехбригадэм хэтхэм гъэгубГуэхэри зыхуей хуагъазэ: бетон къэухь щэщащэр щІыпІэ щхьэхуэхэм щІэкІэ щахъэжащ.

Уэшхыпсыр зрикІуэн хуей щІыщІагъ кІэнаеуэхэм я щытыкІэр зыхуэдэр кьащащІытащ Мэлбахъуэм, Киров ым я уэрамхэм. КІэнауэ зимыІэ уэрам нэхъыщхьэхэм гъэзугубГуэм щызэтрихьэ уэшхыпсым уэзрызэпрыкІыну лъэмыж щыкІуэр кьыщагъэщІэрэщІэж. Ахэр щыпІъагъунущ Лениным и проспектым, Щоджэнцыкіум и уэрам зэхэкІыпІэхэм, кьалэ бэзэрым и Іэгъуэблагъэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

Лэжьыгъэм пащэ

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІащ фадэхэкІэмрэ спирт зыхэтхэмрэ щхуэу зыщІэмрэ зыщІэхэмрэ зэрапэщІэтым теуХуа зэІущІэ.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м къэралкІуэцІ Іэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм и полицэм и унафэщІ, полицэм и полковник Мамкэгъ Назир, республикэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ и управленэм и унафэщІым и къудзэ полицэм и полковник Бетрожь Мурат, КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ, полицэм и полковник Бэджыбгъэ Юрий, МВД-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Балъкъыз Валерий сымэ.

Мамкэгъ Назир тепсэльыхьащ Іэхуэм теухуауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм.

- Мы гъэр кьыззрихьэрэ спиртэхкІэр игъэкІыным ехьэлІа хабзэншагъэу 111-рэ кьыщІагъэщащ, ГАИ-м и лэжьакІуэхэм ящыбыдащ шофёр 89-рэ, абыхэм ящыщу 42-м фадэр кьрашырт КИФПЩІ-м и адрей щІыналъэхэм. Хабзэм кьемызэгъыу щэхуу ягъэлажьэ цехи 7 зэхуаущащ, фадэ Іэрыщ щахъымэу щІыпІэ 15 кьыщІагъэщащ.

Фадэхэкі нэпцІыкэмрэ спирт зыхэтхэмрэ щэхуу щагъэхьэзыр цеххэр кьыщагъэтащ Лэскэн, Тэрч, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ, Аруан, Бахъсэн районхэм. 2019 гъэм щІышылэм и 5-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм, Урысей МВД-м и къудамэу Лэскэн районым щыІэм экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ и Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм ящыгъуу Урыху кьуажэм кьыщагъэтащ фадэхэкІ щэхуу щагъэхьэзыр цех. Абы кьыщІашащ аркъэ птулькІэ 600, бренд цІэрыІуэхэм я этикеткэхэр тегъэпщІауэ, апхуэдэуи фадэхэкІ зэращІ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Уголовнэ Іуэху кьаІэтащ УФ-м и УК-м и 171.3 статьям и 1-нэ Іыхьэм ипкъ иту.

Полицэм и лэжьакІуэхэм фадэхэкІ нэпцІыкэ ягъэхьэзырыпн папщІэ кьагъэсэбэп псори. Мы гъэм и мазищым кьэрибыдэу зыштрахащ бренд зэмылІэужьыгъуэхэм я этикетхэр зыштегъэпщІа птулькІэ 261790-рэ, этикетхэхэр зытемылІэ птулькІэ 183824-рэ, этикетхэ рулону 180-рэ, фадэ хабзэм тету кьыщІэзыгъэкІэм я логотипхэр кьызытещ картон коробкэ 3500-рэ, пластик птулькІащхьэу мини 2-м нэблагъэ.

- КъБР-м щыІэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщІэтыныжьмкІэ и Іэнатіэхэмрэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэмрэ кьапщытащ республикэм и бэзэрхэри. Прохладнэ кьалэм щыІэ Центральнэ бэзэрымрэ «Дубки» бэзэрымрэ полицейхэм кьащІагъэтащ фадэхэкІ зэмылІэужьыгъуэу литр 11 400-рэ, спирт зыхэт ткІуэткІуэу литр 250-м щІигъур. Абыхэм ятеухуа уголовнэ Іуэхуэхэр кьаІэтащ. Экспертизэм кьызэригъэлъэгъуамкІэ, «Дубки» бэзэрым кьащІытраха фадэхэм яхэтщ ГъащІэмрэ узынщагъэмкІэ шынагъуэ зыпылъхэр, - жиІащ Мамхэгъым.

Мы гъэр кьызэрихьэрэ республикэм и полицейхэм кьащІагъэщащ транспорт 97-рэ, спиртэхкІэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм яІэу ОВД-м кьуэды щагъэтэ и гъэуВыпІэхэм щыІэщ автомашинэ 38-рэ. Судыр екІуэкІыху «Росалкогольрегулирование»-м щахъымэну ираташ хьэлъэзешэ транспорту 8. Іуэхур зэхагъэкІмэ, абы кьрикІуэхэмкІэ транспортыр къэрал хэхуэм хуагъэкІуэнщ. Автомашинэ 45-рэ зейхэм ираТъкащ, судым унафэ кьыщІэху езыхэм я пщІантІэ дагъэтьжыну.

- Фадэхэкі Іэрыщ ІэкъуэшэкІхэр кьыщыщІагъэщ «Малкэ», «Урыху» федеральнэ къэпщытакІуэ щІыпІитІым. А постхэр иджыпей рентген Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэгъэпэщащи, машинэм ильыр тыншу кьаІьагъу. Мазищым кьриубыдэу «Малкэ» постым апхуэдэ хьэлъэзешэу 7 щаубыдащ икІи кьыштрахащ литр 11565-рэ. «Урыху» постым деж 35-рэ кьыщыщІагъэщащ фадэхэкі яшэу, псори зэхэту литр 426 933-рэ кьызэщІибыдэу.

Псори зэхэпІъхьэжмэ, илъэсыр кьызэрихьэрэ фадэхэкІ Іэрыщу кьытрахащ литр 320 721-рэ.

Мамхэгъ Назир кьызэрихьэрэщащи, кьытраха псори физико-химиче кьэпщытэныгъэм пхэкІ. Абыхэм гъащІэмрэ узынщагъэмкІэ шынагъуэ зыпылъ пкъыГъуэхэр кьыщагъэтмэ, кьуаншэхэр уголовнэ жэуапым ирашэлІэнущ.

Полицэм и полковникэу Бетрожь Мурат Бэджыдэ Юрийрэ журналистхэр щыгъуазэ ящІащ кьаІэта Іуэхум ехьэлІауэ я Іэнатіэхэм зэфІагъэкІ лэжьыгъэм.

Балъкъыз Валерий кьыхигъащащ республикэ полицэм ирагъэкІуэкІ Іэкъуэшэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи цІыхухэр кьхуриджащ фадэхэкІ кьыщІагъэкІыну, ящэу ирихьэлІэмэ, хабзэхъуэмэхэм хьыбар ирагъэщІэну.

УАРДЭ Жантинэ.

● Брифинг

Псори зэдогугъу

ЩІынальэм и жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэпІэзэрыт хъуным гулъытэ хэха худощІ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

- УзинафэщІ комитетым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм дыщыбгъэгъуэзамэ арат. Социальнэ Іуэхумрэ узынщагъэр хъумэнымрэ ехьэлІауэ КъБР-м и Парламентым иужьрейуэ сыт хуэдэ законхэр кьищта?

- КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкІэ и комитетым хэт депутатхэр нэхъыбэ мэхъу, адрей комитетхэм епплыстмэ. Ахэр республикэм и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэ кьудым щолажьэ. Яхэтщ дохутырхэри, егъэджакІуэхэри, социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм яхуэзыщІэ Іэщ ІагъэлІхэри, нэгъуэщІхэри. Жыс Іэнэраща, зыхэт Іуэхум фІыуэ хащІыкІ. Дауи, зы сыхьэтым гугъуэхь псори кьытхуэзнэжІынукъым, ауэ абы дыхущІокъу.

Ди комитетыр нэхъыбэу зэлэжьыр ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм, сабий зеинэшхэм я хуитынгъэхэр зэрытхъумэнырщ, ахэр зыхуэныкъуэхэм щІыналъэ унафэщІхэм ГъащІэмрэ, Іэщ Іагъэм я Іуэхум ехьэлІауэ КъБР-м и Парламентым иужьрей зэманым хуэзфІэкІар мащІэкъым.

2018 гъэм депутатхэм зэдзарэзыуэ кьащтащ «Пенсэм социальнэ ахъшэ дыщІыгъун папщІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пенсэм щыс и цІыхур 2018 гъэм ирипсэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуеинум хэгъэхъуэныр теуХуауэ» КъБР-м и Законыр. Абыкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иджы япэу щІигъэбыдащ пенсэм щыс цІыхур ирипсэун щхьэкІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей ахъшэр УФ-м и федеральнэ законым щагъэбелджылам хуэдизу ягъэувыныр. Федеральнэ бюджетым и проектым а бжыгъэр кьыщыгъэлъэгъуащ 2018 гъэм - сом 8703-уэ, 2019 гъэм кьыщыщІэдзауэ - сом 8846-рэ. Абы кьыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу, пенсэм щыс и цІыхуми ирипсэун щхьэкІэ ахъшэ кьихьыну.

Пэжьыгъэ зэхуэщытыкІэхэм я гугъу пщІымэ, Іэмал имыІэу кьыхэгъэщащ хуейуэ кьызэпльытэ 2018 гъэм кьэтщта нэгъуэщІ законитІыр: «Республикэ къэрал Іэхуэщ Іапім эхэм щылажьэхэм я улахуэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэхуэхэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэм ехьэуэ щыІэн хуей социальнэ зэдзэпыкъуэкІэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и Іыхьэ 13, 17-хэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным ехьэлІауэ» жыхуиІэхэр.

Къищынэмыщ Іауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэным ехьэлІауэ мардэхэр щигъэуву КъБР-м и Парламентым къищтащ «ЦІыхухэм я узынщагъэр хъумэнкІ кьызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законыр.

КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэр ди гъусэу, гулъытэ хэха худощІ «Іэнатіэ зимыІэ цІыху щхьэхуэхэм лэжьыгъэ къаухуэгъуэтыным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектым. Абы ипкъ иткІэ дыхущІокъу ныкъуэдыкъуэхэр лэжьапІэ кьызэращтэ квотэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрредгъэщІыным.

Иджыблагъэ, гъатхэпэм и 29-м, ди комитетым и жэрдэмкІэ едгъэкІуэкІа «СТІол хуэрейм» дыщытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бын зыпІ унагъуэхэм зэрыщыщІагъэкъуэ Іэмалхэм. А Іуэхум хэтащ КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩІалэгъуалэ советым, КъБКъАУ-м и студент самоуправленэм я лІыкІэхэр. Кьызэхуэсахэм кьаІэтащ унагъуэщІхэм кьэралыр зэрадэІэпыкъуэн, сабий зиІэ унагъуэхэм я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр республикэм кьызэрыщызэрагъэпэщым, студентхэм ахъшэкІэ зэрызыщІагъакъуэм епха Іуэхухэр.

- Хъусен, уи Іэщ Іагъэкіэ езыр удохутырщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым узынщагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и щытыкІэм арэзы укъищІэ? Депутатхэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ иригъэкІуэкІэр ар ефІэкІуэным теухуауэ?

- Иужьрей илъэсхэм республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапім фІагъ льагъ зиІэ дэІэпыкъуныгъэ нэхъыбэ яхуэщІэ зэрыхъуар кьэпльытэмэ, си гугъэмкІэ, щІыналъэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и зэфІэкІхэм хигъэхъуащ. Нэхъ и пэкІэ апхуэдэ дэІэпыкъуныгъэ яГъуэтын щхьэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр нэгъуэщІ щІыналъэхэм кІуэн хуей хьуэ щІыналъэхэм я нэхъ хьэлъэхэм ящыщ щхьэ куэд ехьуПІэныгъэ яІэу мыбдеж щызэфІагъэкІ.

Пэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ ди медицинэ Іуэхущ Іапім Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэмкІэ, нэхъ лъапІэхэмкІэ кьызэрагъэпэщын и лъэныкъуэкІи. Псалъэм папщІэ, абыкІэ щапхъэу кьызэпльытэ Налшык къалэм кьыщыщІэзэІуаха Перинатальнэ центрыр. Абы и ухуэныгъэ пІалъэкІэ кьызэтеувыІэу зы зэман гугъуехьхэм хэтами, республикэ унафэщІхэм яхуэзфІэкІащ ар ди щІыналъэм кьыщыщІэІуахьну.

КъБР-м и Парламентым Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узынщагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и жэрдэмкІэ зэІущІэ зэІуахэр щІэх-щІэхыурэ идогъэкІуэкІ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм зэрызиужьа хъуну щІыкІэм, Іэщ ІагъэлІхэм я щІэныгъэм зэрыхагъэхъуэнум, нэгъуэщІ куэдми дыщытепсэльыхьу. Депутатхэр йоблагъэ КъБКъУ-м и Медицинэ колледжым, «Призвание» еджапІэм, КъБКъУ-м Социальнэ-гуманитарнэ институтым и центрым, нэгъуэщІ Іуэхущ Іапім эхэмрэ еджапІэхэмрэ. «Правительствэм хуэдэ сыхьэхэтым» хьыхьу, КъБР-м и Парламентым дыщытепсэльыхь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм анэмрэ сабиймрэ я узынщагъэр хъума зэрыщІыхьум. Апхуэдэ зэІущІэхэм гулъытэ щахудощІ уэндэгъуэхэмрэ балигъ ныбжьым нэмысхэмрэ медицинэ хуэІуэхуэщІэ зэрагъэтыным, «Анэмрэ сабиймрэ я узынщагъэр хъумэным и Іэхуэкіэ» программэ гуэдзэн кьыщыгъэльэгъуа Іэжьыгъэм текІуэдэну ахъшэр зэрыхуэхьым, медицинэ Іэжьыгъэхэм я ІэзаГъыным зэрыкъэгъахъуэм, поликлиникэхэмрэ сабий сымаджэщхэмрэ эхуэйкІэ кьызэрызэрагъэпэщым, нэгъуэщІхэм.

ВИЧ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым дыззрыщІыпэщІэтыну лэжьыгъэм ахъшэ нэхъыбэ хуэхэкІ хуейуэ депутатхэм къэтІэта Іуэхумкіэ арэзы дыкъишІащ КъБР-м и Правительствэм.

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетыр ди гъусэу делэжьащ курыт еджапІэхэм щІэсхэр наркотикым пэІэщІэ щІыным теухуа Іуэхухэм.

Кьыхэгъэщын хуейуэ кьыщІэкІынщ, КъБР-м и Парламентым УФ-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм зэрызыхуигъэзари. Ар теухуат федеральнэ бюджетым ыкъэхІыу хущІхъуэхэр зыхухах узыфэ щхьэхуэхэм куэдрэ хэуримыкъэлІэ (орфан) узыфэхэри зэрыхагъэхьэным. Апхуэдэу, 2019 гъэм кьару игъэтащ къэралым сымаджэхэм хущхъуэ уасэншэу щІарит узыфэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэращІыным. Абы итІэ иткІэ, хущхъуэ узыхуэмыІэ узыфэ лІэужьыгъуитхум ящыщ зиІэхэр иджы пщІэншэу хущхъуэ зыкъыфхуагъаззэрэ?

- Хэхакіуэхэм дауэ фадэлажьэрэ? Сыт хуэдэ гукъеуэкІэ зыкъыфхуагъаззэрэ?

- Сэ сызэрелІъыжкІэ, депутатым и лэжьыгъэм нэхъ гугъур, абы щыгъуэми, мыхьэнэ нэхъ ин зиІэр цІыхухэм зыкъызэрыхуагъаз Іуэхур зэхигъэкІынырщ. Дэтхэнэми и дзыхь къыигъэзу кьыббгъэдэхъэ икІи кьыззэрыпщыгу Іуэхур жэуапльыныгъэ пэлъыу зэфІэпхын хуейщ. Ди комитетым и лэжьыгъэр нэхъыбэу зытеухуар социальнэ Іуэхуэхэращи, цІыхухэр щІоупщІэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм щыІэ медицинэ центрхэм зэрыкІуэн квотэ кьызэрыдахынум

Лъэпкъыл, дирижёр Іэзэ, цыху Іэужьыфіэ

● Фэеплъ

Вагъуэ мыужьых

Псэужамэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирикъунут Урысей Федерацэм, Къалмыкъ Республикэм я цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Темыркъан Борис

ХУДОЖЕСТВЕННЭ зэхэщІыкІ ин зыбгъэдэлъ, лъэпкъ макъамэм и гъуклІ Іэзэ, цыху телъыджж... ГъащІэм и пщэ къыщыдэхуэ къалэн псори узыфІэмыкІыжыну телъыджэу зыгъэзэщІэфа зырызхэм ящыщ Борис.

1937 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м Зэрэгъыж адыгэ къуажэм Темыркъан Борис къыщалъхуад. Зэкъуэшхэу Борисрэ Юрэрэ музыкэм япэ лъэбакъуэхэр щыхучауэ къэплъыпІэ хъунущ Налшык къалэ къэІэпхъуэ иужькІэ зышІэса сабий гъэсапІэм пэмыжыжьэу духовой оркестрым и репетицэ щищІ пэшым щалъэгъуэхэмрэ щызэхахахэмрэ. Музыкэ школым и егъэджакІуэ, а оркестрым хэт Дашков Валерий щІалитІым гу кьалъитэри, къакІэлъыплъыщ икІи аращ къадэІэпыкъуар 1946 гъэм ахэр Налшык дэт музыкэ школым щІэгъэтІысхьэнымкІэ. Ар я псыпэт къэралыр, музыкэ дунейр къэзыхьэхуну Темыркъанхэм макъамэм щыпхаша гъуэгум. Борис виолончелым зыщыкуигъэсар Лобач-Жученкэ Николай и дежщ.

Зэкъуэшхэм я макъамэ зэфІэкІыр япэу щагъэлъэгъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 30 щрикъурщ, 1951 гъэ, фокІадэм и 1-м. Абыхэм тельыджэу ягъэззэщІат «Нэкъуэлэн» макъамэ пьесэр. Музыкэ школ нэужьым Борис и щІэныгъэм щыхуигъэхъуащ Ордзоникидзе (Владикавказ), ижькІэ Саратов дэт консерваторэм, абы къыкІэлъыкІуэу Ленинград (Санкт-Петербург).

ЕджапІэр кІуиухыу Налшык къыгъэзэжа иужь щыналъэм и оркестрым хэту виолончелькІэ щыІэщ. А лъэхъэнэм абы дирижёр Іэщ1агъэми хуэмурэ зыхуигъасэрт. 70 гъэхэм икуэм Ленинград кьалэм оперэмрэ балетымкІэ и театрым зы илъэскІэ дирижёр-стажёру щыІащ. А зэманым абы щагъэувa Адан Адольф Шарль и «Жизель», Шостакович Дмитрий и «Барышня и хулиган» балетхэр, Глюк Кристоф и «Ифигения» оперэм и дирижёру щытащ. А лэжьыгъэхэр хьарэзынэу къыхэрехъулІам и щыхьэту абы къыхуагъэфэщат американ композитор Миттчелли и «Человек из Ламанчи» мюзиклыр. Ари гъэщІэгъуэну зыгъэззэщІа Темыркъаным и стажировкэр щиухым, Ленинград оперэмрэ балетымкІэ и Театр Цыкіым дирижёру щылэжьэну къыхуагъэлъэгъуат. Арщхьэкіэ, бланэ щалъху йокІуэж...

Борис Налшык къигъэзэжри, Музыкэ театрым щигъэуващ Верди Джузеппе и «Травиата», Кальман Имре и «Сильва» опереттэхэр, Асафьев Борис и «Бахчисарайский фонтан» балетыр, нэгъуэщІхэри.

1975 гъэм мэлыжьыхьым и 13-м Борис и ягъэ дирижёр-гъэсакІуэ щыІэ ящІ. Ар ящІ ирижёр-гъэсакІуэ щыІэ ящІ. Ар ящІ симфоние оркестрым я концертхэми ирагъэблагъуэрэ Темыркъан Борис ядэлэжьат.

Арат зэхэзылъхьар езым и унафэ щІэт симфоние оркестрым тельыджащу пшынэкІэ игъэззэщІауэ щыта ягъэ лэжьыгъэр.

Дирижёр, композитор Іэзэ Темыркъан Борис и репертуарым хэтащ европей, уэрэ классикхэм я Іэдакъэщ1экІ куэд. Абы игъэзащІэт Шостаковичрэ Бетховенрэ я симфониехэр. Прокофьев Сергей и 1,5,7-нэ симфониехэр фІы дыдэу илъагъурт. Дуней псом щыцІэрыІуэ Верди Джузеппе и «Реквием», Моцарт Вольфганг и «Реквием» макъамэ лэжьыгъэхэр ягъэу ди республикэм щызыгъэІуар Борисщ. Апхуэдэу, адыгэхэм ди композитор цІэрыІуэхэу Балэ Мухьадин, Кьардэн Хьэсэн, ХьэІупэ Джэбрэіил, Молэ Владимир, Даур Аслъэн сымэ я Іэдакъэщ1экІэхэри утыку ирихьащ абы. Ар зи унафэщІ оркестрым и гуимыхуж концертхэм куэдым я гугъу ящІу зэхыбох. Абы и Іэдакъэщ1экІ макъамэхэмкІэ музыкэ едзакІэхэм щрагъэдж, концерт зэмылІэужьыгъуэхэм щагъэзащІэу. Борис и унафэм щІэту Кавказ Ищхъэрэм и макъамэ фестиваль зыбжанэ гъэщІэгъуэну екІуэкІат. КъыхэгъащІупхъэщ а зэхыхьэхэм Темыркъаныр зи унафэщІ оркестрым Кавказ Ищхъэрэм и композиторхэм я лэжьыгъэ 40-м щІигъу зэрыщагъэззэщІар. Апхуэдэу екъулІау абы ирихьэкІащ КъБР-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ кьалэнэри.

Макъамэ гъуэзджэм хуищІа хэльхьэныгъэхэм папщІэ дамыгъэ лъагъуэм абы ящІ. Ар ящІ ирижёр-гъэсакІуэм. Абы лъэпкъ макъамэм къыхина лъагъуэр куэд дыдэрэ зэрыхэмыгъуэщэжынур хьэкъщ, ауэ псом хуэмыдэу узэрегъэхъуапсэ ар зыщІыхуу щІытахэмрэ зыдзлэжьаХэмрэ я гум Іэфіу къыхэзринам. А Іуэтэжкэм ар къыхэрыхэщІыр, псом япэрауэ, и цІыхугъэ инырщ, Борис хэлъа гъэсэныгъэрщ. Умыгъэщ1эгъуэн пльэкІыркъым мыри: абы хэлъа адыгэ хабзэ дахэм димыльпкъэгъу куэдым гу лъатам и мызакъуэу, хуигъэсэфаи яхэтщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КъБР-м и Композиторхэм я Союзым хэтхэр *(ижьыкІэ къыщыщІэдзауэ):* **ХьэІупэ Джэбрэіил, Темыркъан Борис, Молэ Владимир, Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр, Кьардэн Хьэсэн, Къэзан Аслъэнд3эрий сымэ.** *2000 гъэ*

Уасэ хуэбгъэувыну тыншкъым

Астрахань дэт консерваторэр къэзухыу ди республикэм и симфоние оркестрым къыщызгъэзэжам щыщІэдзауэ Темыркъан Борисрэ сэрэ дыхэзэлэжьащ. Еджэн сыуха си гугъэу, сызлэжьэну сипкІ-сипу сыкъэкІуэжат. КъызэрыщІэкІамкІэ, Борис дэлэжьэн щІэздза иужькІэт сэ пэжу еджапІэ нэхъыщхьэм сыщыщІэтІысхьар. Махуэ къэс абы и нэІэ кьыстету автомашинэм сызэрыдэсым дежщ щегъэжьауэ, цыху хэтыкІэм деж щиухыжу тКІийуэ къысскІэлъыплъырт. Игу иримыхьэн злэжьмэ, жиІэрт, нэхъыфІ сыхъуну хуейти. Си адэ-анэри, си анэкъэлпхуэкри, си унагъуэри ищІыхурт.

Куэдым къащохъу Борис цыху бзаджэу, тКІийуэ щытауэ. Ар пэжкъым. Сэ Борис зэрысцыхуа лъэхъэнэм зэпІэззэрыту, зы хьэл-щэным тету псэуащ. Темыркъаныр и цІэр иджыри апхуэдэу сымыщІыхуу и сюитэхэм ящыщ зы игъэзащІауэ сыщедэІуам: «Мы цІыхум гу кьабзэрэ псэ дахэ дыдэрэ иІэщ», - жысІауэ щытащ. Абы пьандэрэ илъэс 30-м нэблагъэ дэкІащ икІи а псальэхэм ГъащІэр щыхьэт текІуа фІэкІа, сыщІыщІегъуэжьын зэи дэслъэгъуакъым. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, Борис цІыхум и профессиональнэ зэфІэкІыр, и Іэнатіэм хуищІ пщІэр, и гъэсэныгъэр хьилъытэрт.

Дирижёрым оркестрыр и Іэмэпсымащ. Ар дэтхэнэ зыми нэгъэсауэ къыхуэгъэсэбэныкъым. Макъамэр гъуэзджэм и Іэмэпсымэ тельыджэхэм ящыщщ, абыкІэ цІыхум и гуныджэкІыр къыпхуэІэтынущ е пхуэдыжьынущ, гушхуэныкъэ, гугъи ептыфынущ. Ар зыІэщІэль дирижёрым куэд дыдэ елъытащ. А лъэжьыгъэм и гугъуагъри, ар зыхуэныкъуэ Іэзагъ псори зыщІэр абы ирилажьэм и закъуэщ. Партитурэр гукІэ зэрагъащІэрэ оперэ псор тхьилъмпІэ кІапэ ямыныгъуу езыгъэкІэкІэрэ бгъуэтынущ, ауэ дирижёрыр симфоние оркестрым и пащхьэ иува иужь псори зримыгъэдэІуэфмэ, мыхьэнэ иІэкъым. Ар сцЕнэм ихьамэ, оркестрым елъагъу абы унафэ щызыщІынур хэтми. Псори зэлъытэжар езы дирижёрым иІэ зэфІэкІырщ. Пэжщ, Борис къыщыгугъбжьи, и макъ зыщІрагъэІэтын хуеи къэхъурт. Ауэ и гуапагъэм а псори пщигъэгъупщэжырт. Абы и шыгъупІастэ зыІуМыхуа и хуэреягъым хэтауэ фІэщщІыгъуейщ.

Къызэрыхэзгъэщащи, сэ Темыркъаным куэдрэ сыкъыдэгъуэгурыІуащи, а зэманым дызыхэхьа гупхэми дыздэкІуа къуажэхэми ар къыщамыщІыхурэ пщІэ къыщщхьуамыщІэ срихьэлІакъым. Зыхьхьэ гупыр игъэдахэт, зыпэрыхьэ Іуэхуэ къызыхуэтыншэу зэфІихырт. А псом Борис къызэфІагъэщІыжатэкъым, ауэ езым хуэфащэ пщІэр ищІэжу дунейм тетт. Іуэху куэдкІэ сэри сигъэунэхуащ, езыри згъэунэхуащ икІи си пщІэр зыгъэлъэхьшэн псалъэ къыжьэдэкІыу игъащІэм зэхэсхакъым. Сэ абы сызэрыхущытар псалъэншэуи гурыІуэгъуэу къыщІохьу.

Борис и ныбжьыр илъэс 55-рэ щрикъум, оркестрым щыщ зыбжанэ си гъусэу дыкъагъэпсэлъэну радиом драгъэблэгъат. Абы щыгъуэ зысІат Темыркъан Борис и творческэ зэфІэкІым и инагъыр къэзгъэлъэгъуэну си щхьэ зэрысхутемыльхьэнур, ауэ ар зи унафэщІ гупыр тыншу дызэрыдэлажьэр. Абы кьащтэ макъамэр зэрригъэІуну щыкІэр ищІэжу Іуэхум бгъэдыхьат. Цыху 60 щыІэздзажьэ гуп зэбгъэдэІуэну, хьэл зырыз зиІэ творческэ цыхухэр зэгурыбгъэІуэну икъукІэ Іуэху гугъущ. Ныкъуэсныгъэншэ щыІэкъым. Гупым хэтхэм диІэ щыщІэныгъэхэр езым и акъылымрэ гъэсэныгъэмрэ я фІыгъэкІэ абы игъэпщкІуфырт, ауэ щыхъуКи, ар зэрызэхэдгъэнкІ хуейри кьыдгуригъэІуэжырт.

Темыркъаным и зэфІэкІыр абрагъуэт. Ди республикэм и адрыщІкІи абы и щІэупщІэр щыинт, ауэ езыр мыбы щыпсэумэ, щылажьмэ фІэкъабылти, яхуикІакъым. Сэ къызэрызгурыІуэмкІэ, абы и анэр, унагъэр зыхуей хуигъэзэн папщІэ, езым яужь зыкъригъанэри и къуэшым гъэзэгу иритаУэ аращ.

Борис и фІыгъэкІэ сэ Темыркъан Юри къэсцІыхуат, ари апхуэдэ дыдэу цІыху гуапэу зэрыщытыр абы зэ ящхъ мыхъуми ирихьэлІа дзтэнэми ещІэ. А зэкъуэшхэм якІуэ дэлъа зэхущІыкІэ дахэм уемыкъуэпсэнкІэ Іэмал иІэкъым - иГащІэм сЛъэгъуатэкъым апхуэдэ гумащІагъ. Борисрэ сэрэ тхьэмахуэкІэ Юрэ дежь дыщыщІыхьащІам зГъэщІагъуэу сакІэлъыплъыртат абыхэм. Борис кьабыл имыщІауэ Юрэ Іуэху инхэм тегушхуэрэтэкъым.

Борис къызыхэкІа лъэпкъыр къызэрымыкІуэу фІыуэ илъагъурт, абы и адыгэбзэмрэ хабзэмрэ къытекІуэн къэгъуэтыгъуейт, ауэ щыхъуКи, нэгъуэщІ лъэпкъхэми пщІэ лей яхуищІырт. Лъэпкъхэр, къулыкъхэр, мылькукІэ цІыхухэр зэхидзу щытакъым. Ди къэралым и япэ Президенту щыта Ельцин Борис дежь щегъэжьауэ ЛІыщхьэ куэд дыдэ къыбгъэдэту слъэгъуащ. Ар цІыху къызэрыгуэкІыу зэрыщытам и щхьэхтэжм языхэзщ и унэ хуэзрахьэу пщІэкІэ игъэлажьэхэм, езым къахутригъэувэурэ игъашхэу зэрыщытар. «Сэ сыцІыхубэ артистщ, сыцІыху цІэрыІуэщ, талант ин сиІэщ», - жиІэу зэи зыхиІэтыкІакъым, ар лІыгъэшхуэщ. Арагъэнт зыпащІ щымыІэу куэдым фІыуэ хъущІалъэгурри. Пасэм щыІа ди адыгэпщхэм зыхуейр жраІэфу щытакъым япэ къэсым. Ар сигу къэкІыжырт Борис слъэгъуухуІэ. Ар зыхьхьэ гупым фІы и лъэныкъуэкІэ зыкъызэрагъэпсэгъунум хэтт. Япэ къэсми занщІэу зыхуейр кьрикуфыртэкъым.

Темыркъаным и лэжьыгъэм бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ хуиІэт икІи Борис программмэ щызэхилъхьэм деж къызэрымыкІуэу ЗкъруушхуэтригъэкІуэдэрт. Езым сыт щыгъуи жиІэрт: «Симфоническэ оркестрым и концертым къэкІуа цІыхум игъащІэм и тхьэкІумэм кьымыІуа макъамэ защІэ зэхебгъэхьу игурэ и щхьэрэ зэбгъэгъэж хъунукъым. Сыхьэтым щІигъкІэ имыщІыху макъамэ едаІуэмэ, екІуэкІ Іуэхум щымыщу, лейуэ зыкъыщыхуэжыкІэ хъунущ». Абы къыхэкІыу, Борис программмэхэм дуней псом щІэрыІуэ макъамэхэр, лъэпкъ щхьэхуэхэм я увертюрэ тынш щыкІухэр хигъэхьарт. Ар щІэрыІуэ и тхьэкІумэм зэриІуэу «мыр сэ сощІэ, сэри мы Іуэхум хьэщІыкІ» - жиІэу нэхъыбэжу концертым дихьэхкІи, и щхьэр пльагъу ильагъужьи хуэдэу. КъищынэмыщІауэ, программмэм лъэпкъ зэмылІэужьгъуэхэм я макъамэ хэтмэ, ахэр зэхимхтъуэу зэкІуу зэхигъэувэрт. Макъамэм хэзымыщІыкІ куэдым жаІэу зэхьэзох: «Сыт абы хэлъыр, оркестрым я пащхьэ дирижёру уитыним, а цІыху 60-м ящыщу я напІэ кьалэту зыри дирижёрым еплъыркъым», - жаІэу. ЗымыщІэхэм яхуэгъэзауэ: музыкантыр нотэхэм зэреплъым хуэдэу, нэбгъуэкІэ дирижёрым хуэуэпльэ зэпытщ. ГурыІуэгъуафІэу, зэхэщІыкІыгъуэу псалъэ-мыпсалъи зэрыщІыІэм хуэдэу, дирижёрхэми яхэтщ и Іэмкіэ игъэлъагъуэр гурыІуэгъуафІи гурыІуэгъуеи. Борис узыфІэмыкІыжыну гурыІуэгъуэу орестрым и пащхьэм итт. Абы и Іэщ1агъэр и псэм щыщ Іыхьэт жыпІэнэрэ зыми щыщІэкъым.

ЦІыхум и Іэщ1агъэм пщІэ хуимыщІыныр егъэлеиныгъэ гуэру къыщыхьурт. «Сэ репетицэм сыкъэжІыну и пІэ, зыбжанэрэ зызохуапэ, нэхъ езэгъыныр къыхэсхыу, апхуэдиз пщІэ си лэжьыгъэм хуэощІри, фэ репетицэм щІидзэн и пащхьэ къыкІэтхуКІэ фыкъокІуэри, фыкъотІысэх. Сыхьэт ныкъуэкІэ и пІэ иту фыкъакІуэу фи Іэпэр зэщІэвгъэкІын хуейщ», - яжриІэрт.

Мыри дасІэхъуащ ди нэхъыжьыфІым. Абы игу иримыхьын гуэр пхэльу ильэгъуамэ, япэу къыщыбдилъэгъуам зыри жиІэнутэкъым, ауэ гу кьыззэрыплъитар гурыІуэгъуэ пщищІырт. ЕтІуанэу кьыбдилъэгъуамэ, и нэхэр кьыптриубыдэу къоплъырт, зыри жиміэу. Ещанэм деж кьыбжиІэнут, ауэ абы зыгуэр кьызжиІэ нэхърэ, сыкІуэцІырыхымэ нэхъ къэсщІэнут.

И ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм мащІэ дыдэщ Борис Іэхуэгъэзэ зыхуимыщІарэ лъэІукІэ зыкъыхуэзымыгъэзэрэ. Зыкъыхуэзмыгъуэ и1эти, хэт зыхуигъаэзэми жиІар къыхуащІэрт.

Совет Союзыр щыкъутэжам ди оркестыр уэрамым къыдэнэну къыщІыкІынт, Борис мыхъуамэ. Абы а зэман Іейм гупыр ихъумащ, нэгъуэщІ зыгуэрым ар хуэзфІэкІыну къыщІэкІынтэкъым, шэч хэмылъу. Радиомрэ телевиденэмрэ программмэ хэха диІэу дадзлъэкІэрт. Псом хуэмыдэу кьыхэгъэщыпхъэу къысщохьу Борис щІэблэм гупылъте яхуищІу зэрыщытар. Къыхэжаныкі студентхэм я гъусэу программмэ ягъэхьэзырыр утыку ирашэу щытащ. МузыкэмкІэ школым сабийхэм зыкъагъэльагъуэну зыщІынпІэ ирагъэблэгъамэ, мыкІуэнкІэ Іэмал иІэтэкъым, уеблэмэ, сыт щыгъуи и кІэм нэс щІэсти, псоми гупылъте дахэ яригъэгъуэтыр, егъэджакІуэхэм фІыщІэ лей яхуищІырт.

Борис дэнэ къыжьІу езыгъэблагъэ тхылъ къыхуахьами, абы Іэмал имыІэу кІуэн хуейуэ къилъытэрт. «ЦІыхум ягу укъэкІыу къыщІоджакІэ, бгъэщІэхъу хъунукъым», - жиІэрт. Ар абы и гъэсэныгъэм, хэлъа адыгагъэм, и лэжьыгъэм хуиІа бгъэдыхьэкІэм я фІыгъэщ. ЗэрызгъэщІэгъуэнур сымыщІэу Борис адыгэ хабзэхуш-хуэ хэлът, и адыгэбзэри пылъхьэншэт. Абы и гъусэу Іэнэ упрыгТІысхьамэ, кьуумылэжьауэ щытхъу псалъэ дахэ куэд къыпхужиІэрт. Сэ иужькІэ сегупсысри къызгурыІуащ абы а псалъэхэмкІэ жиІэну зыхуеяр: «Сэ апхуэдэу услъагъуну сыхуейщ».

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: унагъэкІи цІыху насыпифІэт Борис. И щхьэгъусэм, и хьыджэбзитІым хуэдэ узэрылъхьэнт. И пхъурылъхуэр и нэт, и псэт. Жэщыбг хъуами унэм кІуэжьынутэкъым абыхэм я деж Іуэху, дакъикъытху нэхъ мыхъуми, имылъэгъуауэ. Апхуэдэхэм деж сэ фІыуэ кьызгурыІуэрт абы бзаджэ мыкІуэщІ кьезытыр. И хъыджэбз нэхъыжьым и цІыкІур иджыри сабий цІынэу кьаІихырти, матэм илъу, я унэ ишэурэ жэщ щигъэІэну щытащ.

Темыркъан Борис гъащІэм, гъуэздджэм, лъэпкъым щиубыда увыпІэмрэ щигъэзэщІа кьалэнымрэ уасэ хуэбгъэувыну тыншкъым. Дэ ар зэи тщыгъупщэнукъым!..

ЗЭШЭКІУУ ТІэхьир,
КъБР-м и Къэрал филармоние и унафэщІ.

Музыкант телъыджэ

Сэ Борис щызэзыгъэцІыхуар абы и къуэш нэхъыщІэ Темыркъан Юрий и юбилейр щигъэлъапІэ пшыхьырщ. СызэрелъыкІэ, Борисщ республикэм и щэнхабзэ филармоние гъащІэр зэтезыІыгъэри егупгуу зыхъумэри. ИкъукІэ сигу ирихьат а музыкант телъыджэр, цІыху гъащІэгъуэныр. Сэ ар цІыху зэІухауэ, интеллигент нэсу кьыскІащІыхьащ, кьапщтэмэ, Кавказым щапІа псоми хуэдэу.

Ар дунейм зэрехьажар хуабжьу хэщІыныгъэшхуэщ.

МАЦУЕВ Денис,
УФ-м и цІыхубэ артист, пианист.

Гъэ кІуари дызытет гъэри республикэм и ГуэазджэкІэ. А илъэс зэкІэлъыкІуэм дэ тфІэкІуэдащ КъБР-м ГуэазджэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Мыд Майе, Музыкэ театрым и дирижёр Щэбэтыкъуэ Натбий, УФ-м и цІыхубэ артист Темыркъан Борис, РСФСР-м ГуэазджэкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Кьардан Хьэсэн сымэ. «ПхуэзмыхъуэкІын дунейм теткъым»,- жаІэ. Ауэ а зи цІэ къисІуа цІыхуэр пхуэзмыхъуэкІынуэм ящыщщ. Дэ тхуэзфІэкІынур гукъинэращи, ахэр дигу зэримыхуным, ди щІалэгъуалэм зэредгъэцІыхуным яужь дитыпхъэщ.

АДЫГЭМ «лъэпкъыл» жыхуаІэм хуэдэт Темыркъан Борис. Абы лъэпкъым хуищІа ІэхъущІафэхэмкІэ, ирита зыужьыныгъэмкІэ а цІэр кьилэжьащ.

Тымыркъан Юрэ хуэдэ кьуэш нэхъыщІэ уи щІыб кьыдэту оркестрым и дирижёру уувын папщІэ лІыгъэ, талант ин пхэлъын хуейщ.

Борис екІуу утыку ирихьащ ди адыгэ композиторхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа псори. Абы хуэзфІэкІырт композиторхэм я лэжьыгъэм и Іэфіыр щІыхухэм ябгъэдилъхьэн. Борис и «Лирическэ уэрэдым» фІэкІа мыхъуами и цІэр жьыжьэ игъэІуну ирикъунт.

Темыркъаным икъукІэ цІыхугъэ дахэ хэлът, абы гу зыльымытэ зыри щыІэтэкъым. Кьэдрэ срихьэлІащ кьулыкъу зиІэхэр Борис деж къакІуэрэ кьелъэІуу. Ар нэгъуэщІхэм яхуелъэІумэ къызэрыхуащІэнур, Іулыдж ин зэриІэр ящІэрти.

Хуабжьу си гуапэ хъуащ Борис зи унафэщІу щыта симфоние оркестрым и цІэр зэрыфІащІыжар.

Борис и пІэкІэ иджы лажьэр абы и шыпхъум и къуэ Темыркъан Пётрщ. Тхьэм ирихьэфІакІуэ!

Темыркъанхэ я лъэпкъ жыгыр дахэщ, кьудамэбзащ, а жыгыр дяпэкІи зэрыгІэпыкІыу, лъэпкъыр абы и жьауэм щІэту псэуну Тхьэм жиІэ.

ХЬэІУПЭ Джэбрэіил.

Іулыджышхуэ

Къару мыкІуэщІ

Темыркъан Борис блэкІа зэманым иту сытепсэлъыхьыфырыкъым.

Ар къызэрымыкІуэу гъащІэр, и лэжьыгъэр фІыуэ зыльлъагуэ цІыхут. МахуэщІэр и гурыфІыгъуэу лэжьапІэм къакІуэрт, абы хэлъ къару мыкІуэщІымкІэ и хъуреягъым ядэгугъэфырт. Сыт хуэдэ гуп хьэхэми, ягъэдэхэфырт. Хуабжьу гъэщІэгъуэнт абы удэлэжьэну, тІэунейуэ гъэщІэгъуэнт Іэнэм щызэрихьэ хабзэхэм ухІэпхьылъыну. Адыгэ хабзэм и фІыпІэм и щапхъэ нэст ар, узримыгъэхъуэпсэнкІэ Іэмал имыІэу а хабзэр зэрихьэрт, дэнэ щІыпІи абы щытетт. Музыкэ дунейм и мызакъуэу, Абхъазым, Москва кьалэм, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм дыщІыхьэщІащ. ЩІалэгъуалэм, сабийхэм я деж ущиныгъэ лэжьыгъэ ин щІидгъэкІуэкІащ. Республикэм и зыгъэпсэхуПІэхэм гъэлъагъурт, и мыхьэнэр зэрыиныр хьэкъ пщищыфырт. Борис Іэщ1агъэм ехьэлІауэ къызжиІэ чэнджэщхэм я мызакъуэу, гъащІэми сыхуиущий зэпытт. А чэнджэщхэр къуиубыдылэртэхьым, гъэщІэгъуэну къригъэзэгъыурэ къыббгъэдилъэрт ар мыхъумэ. А Ілы ахъырзэманым ехьэлІауэ гукъэкІыкІ папщІэ концерт гъэщІэгъуэнхэр щыттырт. Борис теухуащ а си гукъэкІыкІ нэхуэхэр, нэгъуэщІ куэди дэщІыгъуу. Си щхьэкІэ схужьІэнуращ, си творческэ гъащІэм абы икъукІэ увыпІэшхуэ щеубыд, ар мыхъуатэмэ, нобэ сиІэм и ныкъуэри къызэмыхъулІэнри Іэхум хэлът. Абы и жэрдэмкІэ «КъБР-м щІыхь зиІэ и артист» щІэлъапІэр къысхуагъэфэдахэ куэд сиІащ, ауэ шэч зыхэмыльРащи, а щІыху тельыджэм си гъащІэм зэи щІыхэмыгъэщІэжьын лъагъуэ нэху щІыпхишащ.

ЛЭКЪУН Азэмэт,
Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и егъэджакІуэ нэхъыжь, Музыкэ театрым и дирижёр.

Си гъащІэм лъагъуэ нэху щыпхызыша

ОПРЕЭ-симфоние дириживрованиемкІэ Темыркъан Борис сригъэджащ. СэркІэ ар зи зэфІэкІым унэмыплъыс музыкант инщ. Абы сыщригъэджа лъэхъэнэм езым зригъэпэща дирижёр Іэзагъэм хэлъ щэхуэмрэ щІагъыбзэмкІэ щымысхьажу кьыздэгуэшащ. Дерс кьэскІэ абы кьысхуигъэув кьалэнхэр зэрызэгъэзэщІэнымк, сигъэльэгъуэхэр зэрызэхэслъхьэным сыхуэпІащІэу сыщІэкІыжырт. ЖыпІунрахь, ящхьэпха Іэщ1агъэр нэхъыфІыжу уигъэльагъурт, и мыхьэнэр зэрыиныр хьэкъ пщищыфырт. Борис Іэщ1агъэм ехьэлІауэ къызжиІэ чэнджэщхэм я мызакъуэу, гъащІэми сыхуиущий зэпытт. А чэнджэщхэр къуиубыдылэртэхьым, гъэщІэгъуэну къригъэзэгъыурэ къыббгъэдилъэрт ар мыхьэмэ. А Ілы ахъырзэманым ехьэлІауэ гукъэкІыкІ дахэ куэд сиІащ, ауэ шэч зыхэмыльРащи, а щІыху тельыджэм си гъащІэм зэи щІыхэмыгъэщІэжьын лъагъуэ нэху щІыпхишащ.

ЛЭКЪУН Азэмэт,
Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и егъэджакІуэ нэхъыжь, Музыкэ театрым и дирижёр.

Зэи сщыгъупщэнукъым

1984 гъэм концертмейстерым и дэІэпыкъуэгъуу Темыркъан Борис дэлэжьэн щІэздзат.

Абы щегъэжьауэ дэ щыпІэ куэдым дыщыІащ. Къалмыкъым, Абхъазым, Москва кьалэм, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм дыщыхьэщІащ. ЩІалэгъуалэм, сабийхэм я деж ущиныгъэ лэжьыгъэ ин щІидгъэкІуэкІащ. Республикэм и зыгъэпсэхуПІэхэм

Дунейпсо Адыгэ Хасэм щохьэщІэ Темыркъанхэ Борисрэ Юрэрэ. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ. 2016 гъэ*

Филармониеи и оркестрым долажьэ. *2008 гъэ*

Ноби къытхэту къысщохъу

Борис сэрэ Саратов дэт консерваторэм зэгъусэу дыщеджащ. Щэч хэмылъу, абы и ныбжьэгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм псалъэ дахэ куэд хужаІуэ зыщІэкІынщ, сэ нэхъыбэу Борис и цІыхугъэ иным сытепсэлъыхьыну сыхуейт.

ЯПЭ дыдэу Борис консерваторэм щыщыслъэгъуам и дахагъэм хьэщыкъ сищІат. Ар зыкІэ цІыху дахэти!.. Зэман кІуэ дэкІащ абы лъандэрэ, зи щІалэгъуэу щытахэр жьы дыхъущ, ауэ Борис и Борис си дежкІэ а япэу щыслъэгъуам хуэдэу цІыху дахэт псэкІи теплъэкІи. Абы хэлъ адыгэ хабзэм уемыхьэупсэнкІэ Іэмал иІэтэкъым. ЦІыху зэщІэкъуат, жиІам тетыжт. Пэжт, пщІыр и хьэрэмт, ауэ псори занщІэу и гум ежаІэрт. Оркестрым щІыхуу хэтым я гукъеуи, нэщхъкІагъуи ихьумэрт, псоми хэкІыпІэ къахуигъэзытырт. Чэнджэщ къудейкІэ мыхъуу, сомкІэ зыдэІэпыкъуари мащІэкъым. Си дежкІэ ар лІакъым, и сурэтым соплъ, оркестрым сыхоплъэжри, кьытхэту къысщохьу. Абы и фэеплъу къытхуигъэзэна зэхущытыкІэ дахэр, оркестрым и пщІэр тхьумэнэр ди кьалэнщ.

ЛАФЫЩ Ларисэ,
КъБР-м щІыхь зиІэ и артистка.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Урысейм тралъхьа тезырыр

США-мрэ ЕС-мрэ я дежкІэ зэранщ

Вирджинии университетым политологиемкІэ и профессор Твигг Джуди къыІэрилъытэмкІэ, 2014 гъэм США-мрэ ЕС-мрэ Урысейм экономикэ тезыр къыІэрыгралъхьам (Украинэм теухуауэ ди къэралым залымыгъэ зэрихьауэ жаІэу) ифІ къыдэкІаІ: ар лъэныкъуэ куэдкІэ ди экономикэм зиужьыжьыным зэрыхуэщхьэпам къинэмыщІауэ, цІыхуэр зэкъуигъэувауэ, Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэр къыгъэщІэрэщІащ. Профессорым щапхъэу къьехь мэкъумэш Іэнатіэр. Жылапхъэм и деж къыщыщІэдзауэ пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкІ, лыхэкІ, гъэшхэкІ, н. кь. щыхухьку ди къэралым кърашэу щытащ, ди мэкъумэшыщІэхэм я щхьэр кърамыгъэІэту. Иджы мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур зэрефІкІуэжьым и щыхьэщ хьэцэпэцэу Урысей Федерацэм къыщрахьэлІэр езыр зыхуеинум нэхъыр хуэдитІкІэ зэрыкъхьбэр.

Иужьрей зэманым ди къэралращ дуней псом мэкъумэшхэкІ нэхъыбэ щызыщэр. Къапщтэмэ, джэдыдпэ кхъуэлрэ нэгъуэщІ къэралпхъэ къыщращын щымыІэу фермерхэмрэ агрохолдингхэмрэ ахэр къалэжьыф. Профессорым зэрыжиІэмкІэ, мэкъумэш Іэнатіэм апхуэдэу зиужьмэ, ар экономикэм и нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэми къыхэщхьэпэнущ икІи абы США-мрэ КъухьэпІэмрэ къыхуереджэ санкцэхэмкІэ Москва зэрадзІэпыкъуэр зыгурагъэІуэну.

«Альтернатива для Германии» партым и лІыкІуэу Берлин и парламентым хэт Линдеманн Гуннари жиІащ КъухьэпІэм Урысейм къыхуигупсыса тезырхэм зыри къымыкІауэ, ахэр Іухыжпхъэу. КъинэмыщІауэ, абы къыхигъэщащ Кърымым щыпсэуэру Урысейм хьыбэжыну къыззэрыувам пщІэ иІэн, ар къэльытэн хуейуэ. Дауи, депутатхэр дэракъым щІэгугъавэр. Линдеманн жиІэ Германием зэрыуейуэ икІи пльэныкъуэ кхъуэщІыубыдэу Урысейм Іуэху къыззэрыдимыщІэфым къмыщхэм ящыщ куэд лэжьапІэншэу къигъэнауэ.

● Жэрдэм

Шыгъум йод хэлъу

Урысейм етІанэгъэ щыщІэдзауэ шыгъум йод щыхалъхьэну къыщІэкІынущ. Узышыгаръ хъумэнымкІэ министерствэм абы теухуа хабзэм и проект игъэхьэзыри, цІыхуэхр тепсэлъыхьыфын щхьэкІэ Интернетым кърилъхьащ.

ДОХУТЫРХЭМ зэрыжаІэмкІэ, ди цІыхуэхм йод зэрахуримыкъуэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхокІ. Узышыгаръ хъумэнымкІэ министерствэм и Эндокринологие щІэныгъэ центрым къызэритымкІэ, балигъыу мелуан 1,5-м, сабийуэ мин 650-м щІигъу гъэ хъэс эндокринологие хуэІуэхуэщІэ хуэныкъуэ мэхъу. Абы щыгъуэми, Урысейм и цІыхуэхэм я процент 30-м нэхъ мащІэщ йод зыхэлъ шыгъу зышхыр. Евразие экономикэ зэгухьэныгъэм хэт къэралхэм йод зыхэмылъ шыгъу зэрыщамышцри щапхъэщ мы Іуэхум дэри дегупсысыным. Узышыгаръ хъумэнымкІэ министерствэм къет, мы гъэм хабзэр къащтэмэ, етІанэгъэ щыщІэдзауэ къэтщэхунур йод зыхэлъ шыгъущ.

Шыгъу хэлъщ ерыскъы псоми, щІакхъуэм деж щыщІэдзауэ. Абы къыхэкІыу, пшхым лей хуумыдзэжми хъунущ. ЩыІэщ шыгъур зэрану къыльытэу, зэрыхуэзфІэкІкІэ ар зыгъэмащІэр. Ауэ ари узышыгаръмкІэ щІагъуэкъым, Іэпкльпэпкъым шыгъу игъуэтын хуейщи.

ЦІыхум йод хуримыкъымэ, бын къыщІэмыхьэнкІэ хъунущ. Инфарктымрэ инсультымрэ, уеблэмэ цІыхум и акъылыр зэрыкъуэтыжьмэ, ар щхьэусыгъуэ хуохъу. Ущыпсэу щІыпІэр хьым нэхъ пэжыжьэу, йодым узэрыщыщІэр нэхъыбэщ. Абы къыхэкІыу бдзэжьей, хы къэбыстэ, йод зыхэлъ нэгъуэщІ шхыныгъуэхэри ди Іэнэм тетын хуейщ.

ФІэІуэгъэхэр, псалъэм папщІэ, къэбыстэ, нащэфІэІуэхр, йод зыхэлъ шыгъум зэІигъэхьэу жызыІи щыІэщ, ауэ ар пэжжьым. Пэжыр апхуэдэкІэ ящІа къэуейр, къэбыстэ фІэІуэр тІэкІу нэхъ гуэбжьэ зэрыхъурущ. Абыи емылъытауэ, къэралкуэдым я фІэІуэгъэр йод зыхэлъ шыгъуКІэщ зэрращІыр. Псалъэм папщІэ, Венгриием къраша фІэІуэгъэу къэтщэхур йод зыхэлъщ.

● Урысейм тралъхьа тезырыр

США-мрэ ЕС-мрэ я дежкІэ зэранщ

Вирджинии университетым политологиемкІэ и профессор Твигг Джуди къыІэрилъытэмкІэ, 2014 гъэм США-мрэ ЕС-мрэ Урысейм экономикэ тезыр къыІэрыгралъхьам (Украинэм теухуауэ ди къэралым залымыгъэ зэрихьауэ жаІэу) ифІ къыдэкІаІ: ар лъэныкъуэ куэдкІэ ди экономикэм зиужьыжьыным зэрыхуэщхьэпам къинэмыщІауэ, цІыхуэр зэкъуигъэувауэ, Хэкум хуаІэ лъагъуныгъэр къыгъэщІэрэщІащ. Профессорым щапхъэу къьехь мэкъумэш Іэнатіэр. Жылапхъэм и деж къыщыщІэдзауэ пхъэщхьэмыщхьэ, хадзэкІ, лыхэкІ, гъэшхэкІ, н. кь. щыхухьку ди къэралым кърашэу щытащ, ди мэкъумэшыщІэхэм я щхьэр кърамыгъэІэту. Иджы мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур зэрефІкІуэжьым и щыхьэщ хьэцэпэцэу Урысей Федерацэм къыщрахьэлІэр езыр зыхуеинум нэхъыр хуэдитІкІэ зэрыкъхьбэр.

Иужьрей зэманым ди къэралращ дуней псом мэкъумэшхэкІ нэхъыбэ щызыщэр. Къапщтэмэ, джэдыдпэ кхъуэлрэ нэгъуэщІ къэралпхъэ къыщращын щымыІэу фермерхэмрэ агрохолдингхэмрэ ахэр къалэжьыф. Профессорым зэрыжиІэмкІэ, мэкъумэш Іэнатіэм апхуэдэу зиужьмэ, ар экономикэм и нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэми къыхэщхьэпэнущ икІи абы США-мрэ КъухьэпІэмрэ къыхуереджэ санкцэхэмкІэ Москва зэрадзІэпыкъуэр зыгурагъэІуэну.

«Альтернатива для Германии» партым и лІыкІуэу Берлин и парламентым хэт Линдеманн Гуннари жиІащ КъухьэпІэм Урысейм къыхуигупсыса тезырхэм зыри къымыкІауэ, ахэр Іухыжпхъэу. КъинэмыщІауэ, абы къыхигъэщащ Кърымым щыпсэуэру Урысейм хьыбэжыну къыззэрыувам пщІэ иІэн, ар къэльытэн хуейуэ. Дауи, депутатхэр дэракъым щІэгугъавэр. Линдеманн жиІэ Германием зэрыуейуэ икІи пльэныкъуэ кхъуэщІыубыдэу Урысейм Іуэху къыззэрыдимыщІэфым къмыщхэм зэрыщІыкІ куэд лэжьапІэншэу къигъэнауэ.

● Щэныгъэ

Щыуагъэхэр къызэбгкІ тхылъхэр

Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм зэрехьэжкІ тхылъхэр зыпхыкІын хуей къэпщытэныгъэхэр, Дяпэкіэ езы министерствэращ экспертизэр зэфІэзыгъэкІынур икІи уней Іуэхущіапіэхэр а лэжьыгъэм бгъэдахьэжынукъым.

КЪЭРАЛ Думэм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и зэІущІэм зи гугъу тщІы министерствэм и унафэщІым и къуэдзэ Синюгинэ Татьянэ щыжиІащ экспертизэр министерствэм хыхьэ къэрал Іуэхущіапіэм зэрызэфІигъэкІынур, щхьэж и щІэныгъэ зэрыхурикъум елъытауэ тхылъхэр къыдагъэкІыу, езыхэм къагъэтыж экспертизэр ираГъджэрэ «хъунущ» къытырагъадзэу зэрыщытар дяпэкІэ зэрыщымыІэжынур.

Ахъшэ зэпта экспертизэм «хъунукъым» жиІэу къытридзэнт? Араущ, зытхри, къыддэзыгъэкІри, абыкІэ ираГъджэну хуит зыщІри мыгурыІуэгъуэу, тхылъхэм щыуагъэ къебэкІыу сабийхэм Іэщіалъхьэ хъуэу къэкІуэкІырт. Си благъэхэм, си ныбжьэгъуэм, лэжьэгъуэм жаІэу куэдрэ зэхэсхащ, сабийхэр дэнэ кьэна, езыхэр тхылъхэм итым щапэмыпъэщ къызэрыхъур.

Зы щапхъэ къыфхуэсхьынти. Зэрыусыбзэу къэзгъэнэнщ, зэздзэкІмэ, зыри къыдгурымыІуэжьынри хэлъщ. «Открой начало учебника, поработай с форзацем: в первом ряду найди слова с буквой А, назови нарисованный предмет, подчеркни букву».

Дауэ фепІырэ, апэ классым щІэс сабийм къыгурыІуэну ищІэн хуейр? Уеблэмэ балигъэкІи форзацыр зымышІэ зэрахэтыж шэч хэлъкъым.

ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэм нэгъабэ апэ дыдэу тхылъхэм я экспертизэ иригъэкІуэкІати, щыуагъэ куэд зыхэт тхылъхэр хагъэхьэбзыкІащ, иджы федеральнэ тхылъ бжьгъэм хагъэхьауэ 863-рэ щыІэу аращ. Абыхэм ящыщу 500 иджыри зэ экспертизэ ираГъэщІыну ираГъэхащ.

Гурыіуэгъуэщ, зыхуейм тхылъ итхыу, министерствэм абы экспертизэ хигъапльэу екІуэкІ зэрымыкъуэр. Сабийхэр зэрыраГъаджэ тхылъхэр зэхэзыгъэувэхэмрэ абыхэм къеджэжх экспертизмрэ дяпэкІэ къыхахьынущ, курыт еджапІэм зэрыщыІэжьым, щІэныгъэ лжьхыгъэу ириГъэкІыкІам техуауэ. Тхылъым еджэжа экспертизм и унэцІэр абы тетынущ (иджыри къэс ар тратхакъым).

Ауэ курыт еджапІэхэр зыхэт гугъуехьхэр абыкІи пхуэзгъэкІуэнукъым. Зэрырагъаджэ программэр, тхылъхэр ФГОС-р, ЕГЭ-р - мы псори нэхъ гурыІуэгъуэ зэпхын, зэхуэгъэкІуэн хуейщи, абы илъэс зыбжанэ текІуэдэну къыльытэ. Иджыпсту стандартхэм йолэжь, сабийм и ныбжьым елъытауэ ищІапхъэр ягъэбелджылы.

Экспертизм къызэральытэмкІэ, дэтхэнэ предметымкІи тхылъищ-тху нэхъыбэ щыІэн хуейкъым. Къапщтэмэ, биологие зэрырагъэдж тхылъхэр 12 мэхъу. Ар егъэлеякъэ?! Тхыдэр зэрырагъаджэну тхылъхэр 3-м хуагъэкІуащ ерагъыу.

ЩІэныгъэлІэхэм жаІэращи, тхылъхэр сабийхэм къатемыхьэлъэу псынщІэу, итри гурыІуэгъэуэ щытын хуейщ. А лэжьыгъэр зэраублам фІы къыпэкІуэну дыщыгугъынщ.

● Бжьыгъэхэр

Къуажэдэс бзылъхугъэхэр зэрылажьэр яфІэмащІэ?

Къуажэхэм щыпсэу бзылъхугъэхэр тхьэмахуэм зэрылажьэ сыхьэт 36-р хабзэм игъэбелджылауэ щыт сыхьэт 40-м хуагъэкІуэну жаІэ. ЛэжьыгъэмкІэ министерствэм и къулыкъущІапІэр щыхьэт зрытекхуащи, а Іуэхум топсэлъыхь.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщ: СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэ щыІащ «Къуажэдэс щІыхьэхэм я щыІэкІэ-псэукІэр ящыгъэпсынщІэным, унагъуэмрэ быныжьмрэ зыхуей хуигъэзэныжмкІэ щІэгъэкъуэн хуэхъуным теухуауэ». Абы щыгъэбелджыла Іуэхуэм язт къуажэдэс бзылъхугъэхэр тхьэмахуэм сыхьэт 36-кІэ фІэкІа мылажьэныр. Иджы а унафэр къутэжьи е Лэжьыгъэмкіэ кодексым итхэн хуейщ.

АПК-м и профсоюзым и унафэщІым и къуэдзэ Юровэ Галинэ къыІэрилъытэмкІэ, къуажэдэс щІыпІэм и лэжьэгъуэ зэманыр сыхьэтиплІкІэ нэхъ мащІэ щІащІауэ щыта и щхьэусыгъуэхэм ди нобэрей гъащІэми зыкІи захъуэжакъым. Ар зэрыщытауэ къагъэнэжьын, Лэжьыгъэмкіэ кодексым иратхэн хуейщ унафэщІхэм апхуэдэ хабзэ щыІэу ямыщІэххэу жамыІэн щхьэкІэ.

- Къужэдэс щІыхьэхэм иджыри куэду яхэтщ псы я унэм къызэрыщимыжьым къыхэкІыу жьжьэ кІызых, пхъэ зыкъутэу хьэкур зыгъэплъ, хадэрэ Іэщрэ зезыхьэ. Ахэр зэрылажьэр пфІэмащІэу, тхьэмахуэм сыхьэт 40-кІэ Іуэхущіапіэм щыІэн хуейуэ яхуэбгъэувыныр къуаншагъэщ,- жеІэ Юровэ Галинэ.

Мы тхыгъэм сызделэжьым, телевизорымкІэ къет Алыджым теухуа нэтын. «Шэджагъуэм сыхьэти 2-м щыщІэдзауэ 5 хъуэу щыхуэм я лэжьапІэхэр зэхуащІри загъэпсэху, уеблэмэ зыр адрейм и деж телефонкІэ псэльэнукъым а пІальэм кърибыдзу», жеІэ. Алыджым и мызакъуэу, нэгъуэщІ къэрал куэдми я хабзэщ ар. Дауи, тыкуэн е шхапІэ зиІэм ар зэхуищІу зигъэпсэхуну хуитщ икІи ахэр зыкІи пхуегъэпщэнукъым дэ зи гугъу тщІы къуажэдэс бзылъхугъэхэм. Ауэ зи псэукІэр лІэщІыгъуэ хъуауэ зыкІи зызымыкъуэж щІыхьэхэм я гъащІэр нэхъ тынш зэрыщІыным теухуауэ зыгъэр пщІэн хуейкъэ, сыхьэтиплІ яхущыбгъужьным и Іуэху зепхуэн ипэкІэ?

Гъатхэ пасэм и нэщэнэхэр

Іэщ1агъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, дунейм и щытыкІэм зэрызихъуэжьр кІуэ пэтми щІыналъэ нэхъыбэм щызыхащІэ.

Къапщтэмэ, гъатхэр нэхъ пасэу къэкІуащ икІи нэхъ хуабэщ. Уэшхи уэси Москва гъатхэпэм щалъэгъуами, градуси 2,1-кІэ мазэ блэкІар нэхъ хуэбащ, адрей гъэхэм елъытауэ.

Дунейм зэрызихъуэжьым фІыи Іеи хэлъщ. Псалъэм папщІэ, зэи гуэдз щамыгъэкІа щІыналъэхэм ар щыхасэ хъунущ икІи Урысейм апхуэдэкъэ щымащІэкъым. Іейр - хуабэм и зэранкІэ, кІуэ пэтми нэхъыбэу псыдзэхэр, мафІэсхэр къызэрыхъурщ. Къащтэмэ, гъатхэпэм и кІэм ирихьэлІэу ди къэралым мэз гектар мини 106,7-м мафІэсу 450-рэ къыщыхъуащ. Абы къикІыр цІыхуэхр сакъын хуейуэ аращ, мэзри ар зи гъунэгъу хуажжэхэри мафІэм щыхъума хъун папщІэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар ШИРДИЙ Маринэщ.

● Фэеплъ

ЗэфІэкІышхуэ зиІа Тхьэзэплъ Хьэсэн

Бахъсэн районым и библиотекэ нэхъыщхьэм гъатхэпэм и 29-м фэеплъ пшыхь щекІуэкІащ. Абы ягу къышащІэжащ адыгэ усакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэу, Щ1эныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикыу, Щ1ДАА-м и щ1эныгъэ1ні-секретарь нэхъыщхьэу щыта, УФ-м и ТхакІуэхэмк Журналистхэмк я союзэхэм хэта, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лермонтов Михаил и цІэр зезыхьэ дыщэ медалыр, Урысейм и литературэ саугъэт иныр, щытхъу, щІыхь тхылъ куэд зыхуагъэфэща Тхьэзэплъ Хьэсэн.

ЗЭХЫХЬЭР къызэрагъэпэщащ районым и библиотекэ нэхъыщхьэм и лэжьакІуэхэмрэ ТхьэзэплъІэ Хьэсэн щыхьэ зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, усакІуэ, Бахъсэн щІынальэм и «Щэнхабзэ нэгъуэщІ центр» Іуэхущіапіэм и методист **Зэгъэщтокъуэ Людэрэ**.

Тхьэзэплъ Хьэсэн теуха гукъэкІыж гуапэхэмкІэ къызэхуэсахэм ядэгуэшэну пшыхьым зыкъыгъэхьэлІащ «Нур» журналым и редактор **Хьэту Пётр**, «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Додуев Аскэррэ Мамыщ Владимиррэ**, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и оператор **Битсавэ Еленэ**, продюсер, телевиденэм и лэжьакІуэ **Тхьэгъэзит Руслан**, усакІуэ **Вындыжь Марие**, Тхьэзэплъ Хьэсэн и щхьэгъусэр, я бынхэр, абыхэм къащІэхъуэахэр.

Бахъсэн районым и Іэтащхьэм и къуэдзэ **Іэхъуэбэч Анзор** пшыхьым къекІуэлІаэ хэм защхьыгъаазэм къыхихгъэщащ Тхьэзэплъ Хьэсэн усакІуэфІым и мызакъуэу, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэу, зи псалъэм тебгъуэтэж цІыху пэжу зэрыщытар икІи и фэеплъ нэхур къэзыщІыхуу щытахэм зэращымыгъупщэнур.

Тхьэзэплъ Хьэсэн и лэжьэгъуэу щытахэм ягу къагъэкІыжащ усакІуэм и гъащІэм къыщыхъуэ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Къэпсэльыхэм жаІащ ар цІыху Іущу, гуапэу, жэуапльыгъэ зыхэлъу, упщІэ куэдым я жэуапхэмрэ дэІэпыкъуныгъэрэ абы и деж щагъуэту зэрыщытар.

Фэеплъ пшыхьым хыхьэу районым и еджапІэмкІэ я еджакІуэхэр ТхьэзэплъІэ Хьэсэн и усэхэм къыдэкІуэу, езы ныбжьыщІэхэм абы хуатахэмкІи къеджащ. Хьэсэн и щхьэгъусэ **Тхьэзэплъ Марие** Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Балъкъыз Артур фІыщІэ хуищІащ пшыхьыр къызэрызэрагъэпэщам, гулыІэтэ къызэрыхуащІам папщІэ. Апхуэдэу Марие гуапэ щыхъуащ еджакІуэхэм я усэ къеджакІэр.

Библиотекэм и лэжьакІуэхэм Тхьэзэплъ Хьэсэн и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэм я литературэ композицэ утыку кърахьащ, усакІуэм и гъащІэмрэ гуащІэмрэ, абы къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапІэхэм къытеувыщащ.

ЧЫЛАР Аринэ.

● Футбол

Мэлыжьыхьым екІуэкІыну зэІущІэхэр

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и «Ищъ» гуп

ТІощІрэ езанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 6

(щэбэт)

«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ)

«Динамо-Ставрополь» (Ставрополь) – «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ)

«Чайка» (Песчанокопское) – «Академия» (Дон Іус Ростов)

«Черноморец» (Новороссийск) - «Урожай» (Краснодар)

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Волгарь» (Астрахань)

СКА (Дон Іус Ростов) – «Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ)

«Ангушт» (Нэзрэн) – «Краснодар-3» (Краснодар)

ТІощІрэ етІуанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 12

(мэрем)

«Спартак-Владикавказ» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

«Легион Динамо» - «Динамо-Ставрополь»

«Волгарь» - «Черноморец»

«Краснодар-3» - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)

«Спартак-Налшык» – СКА

«Академия» - «Дружба»

«Урожай» – «Ангушт»

ТІощІрэ ещанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 17

(бэрэжьей)

«Динамо-Ставрополь» – «Академия»

«Мэшыкъуэ-КМВ» – «Легион Динамо»

«Чайка» – «Краснодар-3»

«Ангушт» – «Волгарь»

«Черноморец» - «Спартак-Налшык»

СКА - «Спартак-Владикавказ»

«Биолог-Новокубанск» - «Урожай»

ТІощІрэ еплІанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 21

(тхьэмахуэ)

«Академия» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

«Краснодар-3» - «Дружба»

«Легион Динамо» - «Спартак-Владикавказ»

«Волгарь» - «Биолог-Новокубанск»

«Черноморец» – СКА

«Урожай» – «Чайка»

«Спартак-Налшык» – «Ангушт»

ТІощІрэ етхуанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 27

(щэбэт)

«Динамо-Ставрополь» – «Краснодар-3»

«Спартак-Владикавказ» - «Академия»

«Дружба» - «Урожай»

«Биолог-Новокубанск» - «Спартак-Налшык»

«Ангушт» – «Черноморец»

СКА – «Легион Динамо»

«Чайка» – «Волгарь»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат

ЕтІуанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 6

(щэбэт)

«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Нарт» (Нарткъалэ)

«Керт» (Къэхъун) – «Акъбащ» (Акъбащ Ищхъэрэ)

«Родник» (Псынэдахэ) – «Налшык» (Налшык)

«Спартак-Д» (Налшык) – «ХьэтІохъуащыкъуей» (ХьэтІохъуащыкъуей)

Мэлыжьыхьым и 7

(тхьэмахуэ)

«Энергетик» (Прохладнэ) – «Тэрч» (Тэрч)

«Къундетей» (Шэджэм) – «Исльэмей» (Исльэмей)

«Нартан» (Нартан) – «Автозапчасть» (Бахъсэн)

«Псыкуэд» (Псыкуэд) - «Малка» (Малкэ)

Ещанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 13

(щэбэт)

«Малка» – «ЛогоВАЗ»

«Автозапчасть» - «Псыкуэд»

«Исльэмей» – «Нартан»

«Тэрч» – «Къундетей»

Мэлыжьыхьым и 14

(тхьэмахуэ)

«ХьэтІохъуащыкъуей» -«Энергетик»

«Налшык» – «Спартак-Д»

«Акъбащ» – «Родник»

«Нарт» – «Керт»

ЕплІанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 20

(щэбэт)

«ЛогоВАЗ» – «Керт»

«Родник» – «Нарт»

«Спартак-Д» – «Акъбащ»

«Энергетик» – «Налшык»

Мэлыжьыхьым и 21

(тхьэмахуэ)

«Къундетей» – «ХьэтІохъуащыкъуей»

«Нартан» – «Тэрч»

«Псыкуэд» – «Исльэмей»

«Малка» - «Автозапчасть»

Етхуанэ джэгуГуэу

Мэлыжьыхьым и 27

(щэбэт)

«Автозапчасть» – «ЛогоВАЗ»

«Исльэмей» – «Малка»

«Тэрч» – «Псыкуэд»

«ХьэтІохъуащыкъуей» - «Нартан»

Мэлыжьыхьым и 28

(тхьэмахуэ)

«Налшык» – «Къундетей»

«Акъбащ» – «Энергетик»

«Нарт» – «Спартак-Д»

«Керт» – «Родник»

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖЬэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жылаго Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэ-щІэнщхьэ Заминэ, Чэрим Марианнэ, Щ1хьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узышыгаръмрэ щІыпсэпыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху елъыткІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущіапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Дышэкі Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(4, 5, 6-нэ нап.), Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьазырар.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.205 ● Заказ №293